
Volume 5, Nomor 2, Desember 2018

ISSN 2356-1343

# PESISIR

*Majalah Basa Cerbon Dermayu*



**Komunitas Sketsa Pribumi:**
**Ngrangkul Wong Enom Demeni Basa Cerbon**

**Endo Suanda, Ph.D.**

**"Boten Nurut" = Kreatif "Nurut" = Antikreatif**

BALAI BAHASA JAWA BARAT

Volume 5, Nomor 2, Desember 2018

ISSN 2356-1343

# PESISIR

*Majalah Basa Cerbon Dermayu*

**Pemimpin Redaksi**
Drs. Sutejo

**Redaktur**
R. Yulli Adam Panji Purnama, M.Sn.
Devyanti Asmalasari, S.S., M.Pd.

**Desain Grafis**
Harris Sukristian

**Fotografer**
Setiawan

Redaksi majalah *Pesisir* nampi tulisan liputan budaya, puisi, crita cindek, piwulang, panganan, guyonan, lan segala rupa tulisan seni budaya lan basa Cerbon-Dermayu. Tulisan diketik 1,5 spasi, maksimal 3 lembar A4, dilampiri identitas, poto diri, poto liputan, lan keterangane. Kirim liwat alamat redaksi utawa pos-el: majalahpesisir@yahoo.co.id

Alamat Redaksi
Balai Bahasa Jawa Barat
Jalan Sumbawa Nomor 11 Bandung
Telepon: (022) 4205468, Faksimile: (022) 4218743
Laman: www.balaibahasajabar.web.id, Pos-el: majalahpesisir@yahoo.co.id

# Ater-Ater

Alhamdulillah, Majalah Pesisir saged medal malih kanggé Volume 5, Nomer 2, Desember 2018 puniki. Ngentosi majalah ingkang medalé saben enem sasih, pancén lami. Nanging kenyataan puniki ingkang nembé saged disukakaken Redaksi kanggé nyiaraken perkawis basa, sastra, lan kemasyarakatan teng wewengkon wilayah kabudayan Cerbon-Dermayu.

Wonten dateng *rubrik* Nyawang, dipun angkat riwayat Komunitas Sketsa Pribumi ning Desa Kaliwedi Kidul, Cirebon. Komunitas Sketsa Pribumi dadi sawiji solusi sing pas supaya bocah-bocah nom gelem seneng lan demen maning ning basa Cerbon. Redaksi angangkat gumeregahing komunitas puniki wonten dateng judul "Komunitas Sketsa Pribumi: Ngrangkul Wong Enom Demeni Basa Cerbon". Lan wonten uga etnomusikolog, seniman tari, lan pendokumentasi budaya nusantara, Endo Suanda, Ph.D. dipun angkat wonten dateng *rubrik* Penggede kelawan judul "Endo Suanda, Ph.D.: "Boten Nurut" = Kreatif, "Nurut" = Antikreatif.

Utamaaken Basa Indonesia, Lestariaken Basa Daerah, lan Kuasai Basa Asing uga dados tema wonten dateng kegiatan *"Peningkatan Sikap Positif Masyarakat Indramayu terhadap Bahasa Indonesia dan Bahasa Daerah"* ingkang dipun laksanakaken dening Balai Bahasa Jawa Barat ning Indramayu dipun angkat teng *rubrik* Krusukan kelawan kalih kegiatan ingkang sanesipun, yaiku Balapan Prau-prauan Festival Tjimanuk 2018, Festival Dolanan Bocah Kampung, Festival Muharrom, lan Latihan UKBI Mahasiswa IAIN Syekh Nurjati Cirebon.

Rupi-rupiné teng wedalan edisi puniki, katah ingkang ngintunaken seratan ingkang wujudipun karya sastra. Wonten crita cindek Supali Kasim, "Yongan, Mungbae, Tenimbang, Mulane", crita nyambung Mukhtar Zaedin, "Pangeran Walangsungsang Sabda Guru", puisi-puisi Wahyu Iriana, lan geguritan Faris Al-Faisal.

Sampun klalén maos seratan-seratan ingkang sipaté kabudayan, inggih punika "Basa "Slang" Cirebon", "Tembung "Tukang" teng Basa Cerbon", "Ngajaraken Materi Aksara Jawa Nganggo Model Pembelajaran Scramble", lan "Tetembangan Lan Sastra Klasik Cerbon". Uga mboten ketinggalan seseratan khas Pesisir ingkang wonten dateng edisi puniki ingkang angajak pemahos supados ancicipi panganan "Pudding Roti" lan rubrik langganan yaiku "Jondol".

Sanés kirang pemaklum upami maksih wonten perkawis ingkang déréng kaserat. Sumangga, teng wedalan selanjengé saged nambih rupi-rupi seratan ingkang wonten kaitan sareng basa, sastra, aksara, lan kabudayan Cerbon-Dermayu. Sumangga.

*Bandung, Desember 2018*

*Redaksi*

**DAFTAR ISI**


**NYAWANG**
Komunitas Sketsa Pribumi: Ngrangkul Wong Enom Demeni Basa Cerbon. **3**

**NAPAK TILAS**
Museum Bandar Cimanuk. 7

**PENGGEDE**
Endo Suanda, Ph.D., "Boten Nurut" = Kreatif "Nurut" = Antikreatif. **10**

**KRUSUKAN**
Balapan Prau Prauan Festival Tjimanuk 2018. **13**
Festival Dolanan Bocah Kampung Para Seniman Kudu Mélu Mudun Lan Nggarap. **15**
Masyarataken Lan Latihan UKBI Mahasiswa IAIN Syekh Nurjati Cirebon. **17**
Utamaaken Basa Indonesia, Lestariken Basa Daerah, Lan Kuasai Basa Asing. **20**
Ngurip-Nguripi Seni-Budaya Islam Wontenaken Festival Muharrom. **23**

**KAWRUH BASA**
Tembung "Tukang" Teng Basa Cerbon. **25**

**PANGGUNG**
Crita Cindek: Yongan, Mungbaé, Tenimbang, Mulané. **26**
Crita Nyambung Sejarah Bab Cirebon Episode Siji: Pangeran Walangsungsang Sabda Guru. **30**
Puisi. **33**

**PIWULANG**
Ngajaraken Materi Aksara Jawa Ngganggo Model Pembelajaran *Scramble*. **35**
Tetembangan Lan Sastra Klasik Cerbon. **36**
Kamus Bahasa Cerbon-Indonesia. **38**

**PANGANAN**
Pudding Roti. **39**

**JONDOL**
Pasar Malam. **40**




# KOMUNITAS SKETSA PRIBUMI: NGRANGKUL WONG ENOM DEMENI BASA CERBON

Masa depan siji bangsa ana ning tangan wong enom. Wong enom sebage harapan bangsa butuh lingkungan sing bisa ngedukung ambir bli kejerumus ning dalan kang salah. Wis suwe kita diadepaken ning siji masalah gede sing angel kanggo diberantas, yaiku penyalahgunaan narkotika lan jamu-jamon kang dibloleni. Narkoba akeh disalahgunaaken kanggo kepentingan arep doyan utawa gaya-gayaan samata. Iki sing paling kerep kedadean ning kalangan wong enom. Kanggo nyegah kedadean penyalahgunaan narkoba paling utama ning kalangan generasi enom, ora bisa dilakuaken salah siji pihak bae, ning kudu ana kerja sama sing solid ning masyarakat. Akeh hal positif sing bisa dilakuaken wong enom kanggo ngehindar sing bahaya narkoba iki, salah sijine, yaiku nggabung karo komunitas-komunitas sing duwe kemempengan positif, kaya Komunitas Sketsa Pribumi Cirebon.

**Komunitas Sketsa Pribumi**

Komunitas Sketsa Pribumi ngrupaaken siji komunitas sing duwe dasar tujuan nglestariaken budaya bagen dadi siji warisan bangsa sing tetep ana lan eksis ning jaman sing serba teknologi kaya saiki iki. Tujuan sejene sing komunitas iki, yaiku kanggo pemberdayaan masyarakat desa. Komunitas iki ngadeg dadi pambukten yen masyarakat kang utamae wong enom ning desa bisa bersaing karo komunitas-komunitas sing kota kang selawas iki sering nyepeleaken kualitas wong enom kang ana ning desa.

Sketsa Pribumi duwe pusat ning Desa Kaliwedi Kidul, Kecamatan Kaliwedi, Kabupaten Cirebon. Dipelopori karo Imam M.J., komunitas iki ngadeg ning taun 2008. Sing awit ngadeg, komunitas iki saben taune nganaaken *event* taunan, kaya lomba waca puisi, diskusi budaya, peringatan hari besar, bari kemempengan-kemempengan *insidental* sejene.

Daerah Kaliwedi bengiyene kawasan zona abang narkoba. Imam dadi salah siji wong enom sing Desa Kaliwedi Kidul rumangsa kegugah kanggo ngrangkul wong enom sing dadi korban narkoba. Karna iku, akeh anggota komunitas iki sing ngrupaaken pecandu narkoba lan eks tahanan narkoba. Sing awit ana Komunitas Sketsa Pribumi iki ngedadiaken wong enom ning Desa Kaliwedi Kidul duwe kemempengan positif lan ngalih sing bahaya narkoba.

Sing awit kemempengan komunitas iki mung nggawe kesregepan sing pring, tapi bahan dasar kanggo gawe kesregepan iki makin suwe makin angel olie. Akhire ning taun 2010 diadegaken bidang kebudayan sing ning jerone ana laboratorium basa, sastra, joged, karawitan, kriya, pusat informasi lan *konseling* wong enom (titipan program binaan BKKBN), karo perpustakaan. Selain iku, komunitas iki uga aktif ning bidang pengajaran nonformal, yaiku dadi pengajar PAUD ning desa. Program ngajar iki ngrupaaken hasil kerja sama karo pihak desa. Sing bantuan dana desa, diadegaken gedung sekolah PAUD ning Desa Kaliwedli Kidul. Ngajar lan kurikulume sing Komunitas Sketsa Pribumi.

Salah siji prestasi sejene sing dicapai komunitas iki, yaiku anane peningkatan tingkat pendidikan wong enom ning Kaliwedi. Sekien wis ana sing wani kuliah ning njaba lan hal iki akhire dadi persaingan karo desa-desa sejene. Komunitas iki sukses nyemangati wong enom sing desa sejene kanggo bebarengan gawe produk hasil kreativitas wong enom sak-Kecamatan Kaliwedi.

Sing dadi kekuwatiran paling gede komunitas iki, yaiku ora diajaraken mata pelajaran basa Cirebon ning pirang-pirang sekolah tingkat SLTA. Masalah iki ngrupaaken kewenangan kepala sekolah masing-masing dadi saben sekolah iku ora pada perlakuane. Mung, hal iki sing dadi PR bareng wong Cirebon, khususe laboratorium basa utawa Komunitas Sketsa Pribumi sing bener-bener peduli karo basa Cirebon.

**Laboratorium Basa Cirebon**

Laboratorium Basa Cirebon ngrupaaken bagian sing Komunitas Sketsa Pribumi kang duwe andil sing gede pisan ning perkembangan basa Cirebon sekien iki. Laboratorium basa Cirebon iki duwe guna kanggo metaaken basa Cirebon. Bagen basa Cirebon iki masih dialek Jawa, tapi nyatae ning Cirebon pirang-pirang dialeke. Dadi, Laboratorium Basa Cirebon nyoba metaaken dialek-dialek basa Cirebon sing ana ning wilayah Kota lan Kabupaten Cirebon lan nyusun upaya kanggo mertahanaken uripe karna sing hasil penelitian wis ana pirang-pirang tembung sing suwe-suwe ilang.




Laboratorium Basa Cirebon iki tempate ning Kaliwedi, masih siji sekretariat karo Komunitas Sketsa Pribumi. Ning taun iki, Sketsa Pribumi luwih fokus ning basa Cirebon karo ngabangun Laboratorium Basa Cirebon karo dana swadaya sing para anggotae. Ana 10 wong ponggawa kang tugase ning laboratorium iki. Ana kang mahasiswa, seniman, pelajar, lan pangerja. Kabeh diberdayakaken ning kene.

Laboratorium Basa Cirebon ora ngegali basa Cirebon bae, tapi karo sastrae. Kemempengan sing dilakuaken anggota lab bahasa iki, yaiku nggawe penelitian lan wawancara ning wilayah Cirebon. Gambaran hasil penelitian iki terus dipetaaken per kecamatan disit. Sauwise beres sing kecamatan engkoe kedeleng daerah-daerah endi bae sing duwe kemiripan dialek atau dialek sing pada. Kaya Kecamatan Plered, Weru, Plumbon, lan Gunung Jati iku duwe kemiripan dialek. Bisa digambaraken ning siji peta, tapi mung sacara garis gede'e bae. Sing wis dilakuaken anggota Laboratorium basa Cirebon, yaiku ngedata 40 kecamatan kang ana ning kabupaten Cirebon, tapi nembe 15 sing dikerjaaken. Tangtu bae penelitian pemetaan basa iki arep terus lanjut kanggo bisa metaaken kabeh tembung sing ana ning Kota/Kabupaten Cirebon.

Saiki, metode sing digunaaken kanggo ngedeleng dialek-dialek ning kecamatan iku nganggo metode wawancara biasa. Ning sataun iki, Laboratorium Basa Cirebon mung ngubah sacara sederhana dadi *pilot project*. Target ning arepe, laboratorium iki engko arep dadi siji proyek gede lan wis ana rencana nganggo kerjasama karo dosen basa sing Unswagati kanggo nyempurnaaken proyek iki.

Masih akeh rencana sing arep dilakuaken Laboratorium Basa Cirebon iki. Dudu sekadar metaaken basa bae, tapi laboratorium iki gen pengen ngrangkul masyarakat kanggo luwih peduli ning basa Cirebon. Salah siji upaya sing dilakuaken laboratorium iki, yaiku gawe siji aplikasi kamus online sing duwe aran Kamus Basa Cirebon Online.

**Kamus Basa Cirebon Online**

Kamus Basa Cirebon Online ngrupaaken siji aplikasi program kamus sing digagas Komunitas Sketsa Pribumi Subbidang Laboratorium Basa Cirebon lan Laboratorium Teknik Idebeda. Idebeda ngrupaaken siji komunitas ning kampus UNTAG'45 Cirebon sing duwe gawe ning bidang IT. Dadi, aplikasi Kamus Basa Cirebon Online iki ngrupaaken siji bentuk program kerja sama antara Komunitas Sketsa Pribumi lan Komunitas Idebeda, lamun kontene ditangani Komunitas Sketsa Pribumi, aplikasine ditangani Idebeda.

Aplikasi Kamus Basa Cirebon Online iki asale sing dana patungan lan ora enggo dikomersilaken. Bengiyen wis pernah ditawaraken ning pamerentah lan respone ngedukung, tapi ora sacara finansial. Tim kamus iki tetap




optimis yen ngarepe aplikasi iki arep terus berkembang. Bahkan, lamun wis nyampe 1000 atau 2000 tembung engko arep ana pirang-pirang konten sing arep luwih greget maning. Dadi, pas manjing ning aplikasi engko ana pirang-pirang dolanan, tebak gambar, lan dadine sing arep nggunaaken basa Cirebon, iku sing wis disiapnang tim sing dadi ide tembung.


Sing awit aplikasi iki diluncuraken bulan Agustus 2018, desain awal kamus iki bener-bener kosong ora ana siji entri tembung. Sengaja kamus iki dikosongaken bagen masyarakat bisa meluan nganjingaken tembung ning jero kamus, memang kamus iki bener-bener kanggo masyarakat. Sistem aplikasi kamus iki sengaja digawe ambir masyarakat bisa nganjingaken, mroses, lan nikmati sumber data kamus iki.

Sing dadi latarbelakang digawene kamus iki, yaiku kecintaan kanca-kanca ning Komunitas Sketsa Pribumi karo basa daerah utamae basa Cirebon. Rasa rumangsa kelangan siji-siji tembung saban dina'e sing ana ning masyarakat. Ngirane, kamus iki digagas karo meloni teknologi sing ngembang ning waktu iki ning endi wong-wong luwih seneng nyekel HP daripada maca buku. Dadi, masyarakat bisa saben wektu ngunggah tembung-tembung sing ana ning masyarakat teras ning aplikasi online.

Cara gawe aplikasi iki gampang banget, bisa diakses ngliwat web, bisa uga langsung ngliwat aplikasine. Alamate www.idebeda.com/kamus-bahasa-cirebon terus muncul tampilan pilihan tambahan, isian, lan cari. Lamun kita pengen nambahi tembung, tinggal klik tambahan toli manjingaken tembung sing pengen ditambah.

Kanggo ngakses Kamus Basa Cirebon Online iki gampang pisan, ora dibutuhaken akun khusus utawa kudu daftar disit. Kabeh bebas ngakses aplikasi iki tanpa sarat. Hal iki sengaja dilakuaken admin kanggo ngupai kenyamanan lan kegampangan ning masyarakat, dadine pas ana masyarakat sing mbutuhaken utawa pengen nambahi tembung bisa dilakuaken kapan bae lan bari sapa bae. Kanggo admine dikelola sing Komunitas Sketsa Pribumi lan Komunitas Idebeda.

Lamun editore kerjaane nyortir pas ana tembung sing kurang pas ning jero panulisane, ning ora ngurangi apa sing dicatet, misale kreteg = jembatan, ana sing nulise kerteg = jembatan. Mung, loro tembung iki tetap dianjingaken karo admin supaya ana loro dialek. Yen ana





sing komplain tinggal konfirmasi bae ning desa tempat sing manjingaken tembung iku karna basa Cirebon iki durung pernah dibakuken bari sapapun.

Kelemahan aplikasi iki, yaiku pas kabeh wong bebas ngakses lan ora butuh nggunaaken akun kanggo nyumbang tembung sing ngakibataken ora ana jejak sing nyumbang tembung kesebut. Yen misale ana masyarakat sing arep nyumbangaken tembung kanggo kamus ora kaweruan apa si A iki asale sing desa endi. Admin ora duwe jejak data masyarakat sing nginput tembung, mung ana dialek/desa/alamat sing pada. Dadi, sing bisa dipantau cuma keterangan desa lan dialek bae.

Wis rongwulan kamus iki diluncuraken, partisipasi masyarakat sing manjingaken tembung nembe ning angka 800, padahal targete yaiku 1000 tembung. Mung, kanca-kanca ning komunitas tetap optimis, aplikasi iki tetap dishare ning masyarakat karo tetap dilakuaken sosialisasi ning bocah-bocah sekolah.

Deleng respon sing masarakat awite admin rumangsa pesimis karna ning bulan kesiji mung 200 tembung sing manjing. Mung, sakwise dilakuaken sosialisasi ning sekolah-sekolah nyatae tembung sing diinput ningkat pesat. Manjinge minat bocah sekolah duwur pisan partisipasine lan aktif kanggo nginput tembung, dadine saben dilakuaken sosialisasi ning sekolah karo masarakataken kamus online. Masarakataken kamus iki anyar dilakuaken ning sekolah-sekolah tingkat SD, SMP lan SMA. Rencanane pas wis tembus ning angka 1000 tembung nembe dilakuaken sosialisasi ning kampus-kampus.

**Target lan Harapan**

Jumlah tembung sing ditargetaken manjing sampe akhir taun iki ning bulan Desember 2018, yaiku 2500 tembung. Iki murni tembung hasil nganjingaken sing masyarakat. Sabenere bisa bae digabungaken karo Kamus Basa Cirebon sing wis ana utawa wis dibukuaken, tapi target utama aplikasi iki, yaiku murni kang nganjingaken sing masyarakat.

Sebenere admin bisa bae nggawe kamus iki karo tim karna data tembung sing wis hasil dikumpulaken sing saban sosialisasi wis cukup akeh. Tapi, arepan sing digawene kamus iki, yaiku pengen bisa partisipasi murni manjingaken tembung sing masyarakat. Hal iki tentu arep dadi sing mbedaaken kamus iki karo kamus sing sejene. Dadi, bisa ditunjukaken ning masyarakat yen masih ana kekurangan-kekurangan sing bisa ditambahaken dewek sing masyarakat. Dadi diarepaken partisipasi aktif sing kabeh masyarakat Cirebon.

Intine Kamus Basa Cirebon Online iki dibutuhaken, yaiku pengen oli partisipasi sing masyarakat murni. Lamun ning ngarepe target 2500 tembung wis hasil, tim editor tetep karo rencana awal yen aplikasi iki murni oli partisipasi murni sing masyarakat lan ngarepe arep terus masyarakat kanggo mepeki kamus iki karo tembung-tembung sing durung manjing ning kamus.

Arepane ning arep kamus iki bisa dinikmati lan digunaaken karo satuan pendidik lan masarakat umum. Selain iku, kamus iki diarepaken bisa dadi tempat hiburan nostalgia tembung-tembung karna pas ndeleng kamus iki tentu arep akeh tembung-tembung sing bengiyen pernah digunakaken, ning saiki wis ora digunaaken maning. Dadi, saiki waktune masyarakat nyoba kanggo nostalgia karo tembung-tembung.

Kanggo ngembangaken aplikasi iki, siji waktu arep ditambah maning karo dolanan tebak gambar sing nganggo basa Cirebon. Iku sing wis disiapaken tim sing dadi ide tembung-tembung tujuane masyarakat bisa nostalgia liwat tembung-tembung. Lamun deleng basa Cirebon pirang-pirang tembung sing unik karo aneh, dadi anae kamus iki bisa ngajak masyarakat kanggo nostalgia.

Ora nutup kemungkinan keanaan kamus iki bisa digunaaken dadi bahan ajar ning sekolah karna ning SMPN 2 Sumber wis nggunaaken sumber kamus iki dadi alat bantu ning jero pembelajaran iki. Kamus iki bisa ngrewangi bocah-bocah sing basa Cirebone wis kekikis karo basa Indonesia lan Sunda.

Kamus Basa Cirebon Online wis ditawaraken ning MGMP basa Cirebon kanggo digunaaken ning jero pembelajaran basa Cirebon. Respons sing MGMP basa Cirebon wis bagus, malah sing MGMP nawari kanggo manjingaken tembung sing durung ana. Hal iki ora sedalan karo tujuan kamus karna arepane pas siswa nggoleti tembung ning jero kamus lan ora ana, diarepaken siswa iki bisa manjingaken tembung iku ning jero kamus. Siswa sing diarepaken bisa partisipasi manjingaken tembung ning kamus iki, yaiku siswa SD, SMP atau SMA.

Sauwise dievaluasi masukan sing masyarakat paling akeh manjingaken tembung ning kamus yaiku bocah sekolah. Memang iki sing dadi target utama karna bocah sekolah iku panerus utawa penyambung uripe lan kaanaan basa Cirebon iku. Kita bisa ndeleng yen sekien basa Cirebon tambah jarang dienggo karo bocah-bocah. Dadi, bocah sekolah sing target utama pengguna kamus iki.

# MUSEUM BANDAR CIMANUK

Indramayu bengiyen luwih dikenal karo aran Bandar Cimanuk lan ngrupiaken pelabuhan gedhe ning Nusantara. Bahkan, kegedhen lan kejayaane wis dikenal karo bangsa-bangsa asing, kaya ana ning catetane Tom Pires, seuwong penjelajah samudera kebangsaan Portugis, uga ning catetane bangsa Cina. Mung sayang, sejarah kegedhen Bandar Cimanuk ora akeh dikenal masyarakat saiki.

Jejak kegedhen Bandar Cimanuk masih ana lan dadi bukti sugihe Indramayu. Pirang-pirang umah tuwa ning Indramayu nyatae masih kokoh dadi bukti anane sejarah peradaban masyarakat jaman bengiyen. Barang-barang kuno paninggalan sejarah Indramayu gen masih kerawat, senajan kececer ning pirang-pirang tempat. Hal iki sing nimbulaken keprihatinan kanggo Indramayu Historial Foundation, siji yayasan kang isie fotografer, seniman, budayawan, sastrawan, lan pujangga ning Indramayu.

**Museum Bandar Cimanuk**

Nang Sadewo karo batur-bature ning Indramayu Historia Foundation ngrupaaken penggagas Museum Bandar Cimanuk. Kaanaan museum iki penting pisan kanggo masyarakat Indramayu karna dadi pusat dokumentasi peradaban masyarakat Indramayu kang bernilai pisan. Anae museum iki bisa nggambaraken perkembangan intelektual wong Indramayu sing bengiyen sampe sekien.

Museum sejatine yaiku ruang publik sing dudu dadi ruang pembelajaran bae, tapi ngrupaaken tempat sing bagus lan nyenengaken kanggo ditekai. Anae museum iki dadi pusat informasi lan identitas kebudayan siji masyarakat. Dudu kewajiban para pengelola lan kang duwe'e bae, tapi kewajiban kabeh masyarakat sing njunjung duwur lan bangga karo kebudayaane. Museum Bandar Cimanuk sing lokasie ning Dalan Veteran Nomor 1 Indramayu iki diharapaken bisa dadi umah peradaban kanggo generasi enom supaya bisa weru peradaban daerah/kotane.

Lokasi area museum iki kerep disebut dadi Kawasan Kota Tuwa lan Wisata Kota. Kawasan Kota Tuwa iki nyimpen catetan sejarah sing penting, bagen wong enom ning Indramayu pada weru. Kawasan Kota Tuwa ana ning centrum Indramayu tepate ning dalan Veteran lan Siliwangi. Ning kene iki jejak paninggalan sejarah Indramayu masih mbekas bahkan orisinil. Anane museum iki diharapaken bisa nylametaken barang lan umah bersejarah ning Indramayu. Selain iku, museum iki diharapaken bisa duwe guna dadi pusat kajian, piranti edukasi, lan rekreasi kanggo masyarakat Indramayu.

Status Museum Bandar Cimanuk iki duwe pribadi. Museum dibuka kanggo umum sing awit taun 2015 lan kanggo ngunjungi museum iki pengunjung mung dijukut biaya sagede Rp2.000,00 bae. Biaya iki pada bae kanggo wong tua lan bocah. Duwit iki duwe arti pisan kanggo biaya operasional museum, paling utama kanggo bayar listrik senajan sok ora nyukupi.





Pengelolaan lan perawatan museum iki ngrupaaken risiko pribadi kang duwe'e sebage pengelola museum. Iku kabeh dadi kebayar pas akeh pengunjung sing teka karna oli informasi kaanaan museum iki sing media sosial, kaya Facebook lan Instagram. Siji hal sing nyenengaken pisan kanggo Dewo lan batur-bature pas anak-anak TK teka ning museum ning program *Fieldtrip* sing sekolahe. Sing program iki anak-anak bisa ngenal Indramayu. Iki mai siji prinsip yen bocah indramayu kabeh kudu ngerti sejarah lan kebudayan Indramayu.

**Koleksi Museum Bandar Cimanuk**

Barang-barang sing ana ning museum iki ngrupaaken koleksi pribadi. Saliane iku, ana uga kang dipai sing warga Tionghoa, kaya surat-surat, kuitansi, perangko, wesel, ijin panguburan, bahkan foto-foto wong enom Tionghoa sing lagi bergaya ning Cimanuk lan ning Masjid Agung. Foto-foto jaman bengiyen iku seolah ngajak pengunjung ngebayangaken kondisi waktu iku.

Pirang-pirang koleksi sejene sing bisa dideleng ning museum iki kaya meriam paninggalan Walanda, tumbak, keris, naskah-naskah kuno, uga prabot masyarakat Indramayu jaman bengiyen, kaya lumpang, gentong, periuk. Ana uga lukisan-lukisan karya maestro Indramayu Dartim Yudha, yaiku lukisan ning duwur mata duwit kuno sing unik pisan lan apik. Saliane karya lukis sing Dartim Yudha, ana pirang-pirang barang, kaya meja gede sing karan Gledeg digunaaken kanggo nyimpen beras. Ana uga piranti transportasi jaman bengiyen, kaya roda cikar lan pedati kang digunaaken dadi piranti transportasi.

Koleksi paling tuwa Museum Bandar Cimanuk, yaiku dokumentasi salinan arsip peta wilayah Indramayu paling tuwa (taun 1857) kang oli sing Museum Tropen Walanda lan lukisan petlot Pelabuhan Cimanuk (taun 722). Kang sejene, ana naskah-naskah kuno sing dipajang ning etalase lan pirang-pirang pusaka sejarah, kaya tongkat duwe kuwu ning Desa Paoman. Uga ana bukti-bukti literatur sing nyebutaken yen wilayah Paoman ngrupaaken desa tuwa ning Indramayu.

Ana ewuan barang-barang kuno sing diduweni Museum Bandar Cimanuk, tapi mung atusan sing ditampilaken ning pengunjung karna ruangane cilik. Kendati ana ewuan barang kuno, tetep bae kaya serpihan sejarah sing masih durung paripurna. Sacara prinsip, koleksi sing ana ning museum iki masih adoh sing kajian arkeologis. Mung, museum iki wis ngajaraken generasi enom yen Indramayu duwe kebudayaan sing duwur pisan. Generasi enom dadi ngerti kepriye Cimanuk jaman bengiyen karo koleksi-koleksi sing ditekaaken ning museum iki. Hal-hal cilik lan detail pisan ditekaaken kanggo mai pelajaran generasi enom.

Koleksi museum memang durung sapepek museum-museum sejene, ning keana'ane wis bisa ngerewangi pembelajaran sejarah Indramayu, sejarah sedurung kemerdekaan lan sauwis kemerdekaan lan macem-macem seni budaya ning Kabupaten Indramayu.

**Umah Budaya**

Selain ngurusi museum, Nang Sadewo lan batur-bature ge sregep nyeruaken gerakan konservasi gedung bersejarah lan kawasane. Tujuan gerakan iki, yaiku kanggo mai pembelajaran ning generasi enom soal nilai-nilai lokal jaman bengiyen, minimal dadi ngerti panutu pari iku kaya apa, alat kanggo gawe sega iku kaya apa. Mangkane, generasi enom bisa ngenal kebudayaan wong Indramayu sacara visual.

Program sing dicetusaken ning jero gerakan iki, yaiku Wisata Kota Tuwa. Program iki njalin kerja sama karo pirang-pirang mitra, diharapaken ana pirang-pirang sponsor sing nyumbangaken sepeda lan engko bocah-bocah bisa nyili kanggo keliling ning Kawasan Kota Tuwa. Sekien pengetahuan wong Indramayu soal museum wis pada tumbuh, diharapakan engko bisa luwih ningkat maning.

Sekien pun Dewo wis njalin pirang-pirang kerja



swasta kanggo ngedadiaken museum ngrangkap dadi umah budaya. Umah budaya iki diharapaken bisa dadi daya tarik pariwisata sampe dadi siji kesijen sebage wisata edukasi budaya lan sejarah. Skema pariwisata kota tuwa sing direncanaaken kaya wisata budaya keliling Kawasan Kota Tuwa karo cara sesepedaan, wisata religi karo objek Masjid Agung lan kuburan bersejarah. Selain iku, ana kuburan 8 Dewa (kuburan Cina) sing bisa ditekai masyarakat. Targete yaiku kanggo nyetabilaken Kawasan Kota Tuwa dadi kawasan wisata. Diharapaken anae umah budaya karo museum iki bisa mbangkitaken seni budaya Indramayu kang bisa ndongkrak sektor pariwisata Kota Mangga.



**Museum Daerah**

Museum Bandar Cimanuk ngrupaaken inisiasi Dewo lan batur-bature. Arepan Dewo lan batur-bature, ning arepe Indramayu kudu duwe museum daerah. Museum daerah iki ngrupaaken tanggung jawab pamerentah ning arep masyarakate. Museum daerah gen nyekel peran penting kanggo nunjang media pembelajaran. Bocah-bocah sekolah ngrupaaken bibit-bibit emas, sing awit cilik kudu dipupuk karo rasa cinta budaya lan sejarah leluhure. Akeh kasus wong enom sing seneng melajari sejarah lan budaya daerahe ngalami kangelan kanggo ndeleng bentuk barange langsung karna disimpene ning Museum Nasional utawa provinsi. Karo anae museum daerah, barang-barang bersejarah sing kabupaten bisa disimpen lan bisa dipelajari sacara langsung tanpa alangan.

Dadi, pamerentah kudu disurung kanggo nggawe museum daerah. Hal penting anae museum daerah, yaiku liwat barang-barang peninggalan sejarah lan budaya sing ditemuaken ning duwur lemah kang padha karo lemah tempat-tempat urip waktu iki, para guru, wong tuwa, lan masyarakat bisa melajari makna utawa arti sing siji kebhinekaan. Museum ngrewangi ngintegrasiaken perubahan ning masyarakat lan nyiptaaken keseimbangan ning jero ningkataken kesejahteraan urip masyarakat lan terus nglestariaken kepribadian siji bangsa liwat nilai-nilai lan pola-pola budaya kang ana ning jeroe. Ning kene museum bisa ngrewangi generasi enom kanggo ngebentuk benteng lan filter ngrupa patriotisme lan nasionalisme guna ngadepi globalisasi sing ngejadiaken dunya makin tanpa wates.



# Endo Suanda, Ph.D.

# "BOTEN NURUT" = KREATIF "NURUT" = ANTIKREATIF

*Endo Suanda, Ph.D. ngrupiaken etnomusikolog, seniman tari, lan pendokumentasi budaya nusantara. Lair teng Majalengka, dados seniman tradisional, kuliah teng ASTI (Akademi Seni Tari Indonesia, gentos STSI, gentos malih ISBI) Bandung, dados dosen tari, sekolah malih teng Amerika Serikat nganti gelar Ph.D. (Doktor Filsafat), mulang seni teng Amerika. Nanging, kanggé jagat seni tradisional Dermayu lan Cerbon, utaminé tari topéng, wayang golék cepak/menak, gamelan, lan tari sanésipun, nami Endo Suanda boten ical saking manah. Nalika wonten acara "Ngopi" (Ngobrol Pintar) bareng Endo Suanda tanggal 21 November 2018 teng Sanggar Mulya Bhakti, Tambi Sliyeg Indramayu, Endo ngungkapaen katah perkawis seni lan budaya.*

Kaitan sareng jagat seni tradisional Dermayu lan Cerbon pancén nyata. Dasawarsa 1990-an Endo Suanda sampun caket sareng klompok-klompok seni tradisional teng Dermayu lan Cerbon. Nalika waktos semonten wonten obrolan ingkang kasebut nami Rasinah saking Désa Pekandangan Kec. Indramayu, penari topeng nanging sampun lami boten nari malih.

Rasinah pancén sampun gangsal welas taun boten nari topéng. Suaminé uga sampun lami pejah, para panjaké uga sami utawa sampun sepuh, tetabuhan lan busana topengé uga sampun boten wonten. Nanging, Endo Suanda kepéngén ningal tariané Rasinah. Waktos semonten Rasinah boten purun, sebab punapa-punapa ingkang wonten kaitanipun sareng tari topéng seolah-olah sampun boten wonten malih.

Upaya Endo diréwangi Taham lan para panjak saking Sanggar Seni Mulya Bhakti, Désa Tambi Kec. Sliyeg Indramayu. Pengendangé, Mang Tarip saking Kertasemaya. Proses tari topeng Rasinah radi lami. Tapi akhiripun crios, Rasinah purun malih nari topéng. Teng pandengan Endo, tarian Rasinah dianggep saé sanget. Wonten bandingan ingkang sami-sami saé sareng penari sanésipun, kadosdéné Sawitri lan Déwi saking Losari Kab. Cirebon.

"Rasinah gadah kemampaun ingkang bénten. Tapi Rasinah nari malih sanés keranten kula. Pancén Rasinah gadah kemampuan," kocapé Endo.

Rupi-rupiné jagat seni mekaten ingkang nambih ketarik Endo. Senajan Endo Suanda gadah asal-usul saking Cikasarung Kab. Majalengka, wewengkon ingkang dianggep nggadahi kultur Sunda, nanging akhiré tari topéng, wayang golék cepak/menak, gamelan, lan tari sanésipun saking Dermayu lan Cerbon langkung ketarik.



Selangkung taun sing sengén, Endo ngangkat kesenian punika kelawan titen lan getén.

Ugi mekaten nalika Endo ngubungi rencang-rencange ingkang wonten teng kota-kota teng Indonesia kanggé patungan bebérés griyané Mimi Rasinah. Wonten 300-an rencangé ingkang saged patungan. Taun 1990-an punika saged kekumpul yatra antawis 30-40 juta. Saged didamel griya, sanggar, lan gamepan tari topéng.

Sampun héran upami tari topéng Dermayu munggah panggung malih. Manggung teng kota-kota ingkang wonten teng nusantara. Ugi, teng Jepang, Australia, lan negara-negara Eropa. Wayang golék ugi manggung teng sejawiné nagri. Para seniman Dermayu kadosdéné Mimi (ibu) Rasinah, Mama (bapa) Taham, Mama Warsad, Mama Ahmadi, Mama Taram, Mimi Wangi Indriya, Mama Pingi, Mama Candra, Mama Suparma, lan masih katah seniman sanésipun ngraosken manggung teng sejawiné Indonesia.

Endo Suanda ngrupiaken tiyang ingkang wonten teng wingkingé layar pemanggungan punika. Dasawarsa 1990-an seringe Endo wonten teng Dermayu. Wonten pinten-pinten sanggar, milet latihan gamelan, tari topéng, wayang golék cepak/menak. "Saleresé, kula niki awit alit sampun akrab sareng kesenian daérah Dermayu, Cerbon, uga Sunda."

Nalika tari topeng sampun kawéntar teng jagat nusantara lan mancanegara, Endo péngén supados tari

topéng ugi saged manggung malih teng acara adat utawi hajatan tiyang Dermayu. Capé basané Endo, kanggé manggung teng kota-kota sanés utawi mancenegara langkung gampil, sebab Endo gadah jaringan. Proposal saged didamel lan ngentosi setuju mawon. Nanging, kanggé manggung teng acara adat utawi hajatan?

Endo nglakokaken obrolan sareng tiyang ingkang badé hajatan utawi désa ingkang badé damel adat désa. Punika ingkang dinamiaken "manuver". Dados, tari topéng supados saged manggung malih teng dusun-dusun lan kebuyutan-kebuyutan. Punika ingkang ngrupiaken "habitat" taun-taun ingkang kléwat teng jagat budaya Dermayu.

**Gerakan kebudayaan**

Cara lan "manuver" Endo sejatiné ngrupiaken gerakan kebudayaan, inggih punika kepripun tari topéng katrima malih dumateng masyarakat. Sesampuné tari topéng katrima masyarakat Indonesia lan dunia, sejatiné tari topéng kedah katrima masyarakat Indramayu. "Gerakan kebudayaan sampun ngarepaken pamréntah mawon. Kedahé masyarakat ugi nglakokaken," ujaripun Endo Suanda.

Salah satunggaling gerakan kabudayan ingkang pernah dilakokaken Endo inggih punika kepripun supados kesenian saged katrima dumateng momentum sanésé. Boten kedah ditutup sareng nami keaslian, originalitas. Piyambeké sewaktu mbakta tari topéng teng Prancis, nyuwun supados nampilaken Tari Pamindo laminé kalih menit. Para panjak lan penari Mimi Rasinah, kagét. Nalika dijelasaken, tari punika kanggé laré-laré Taman Kanak-kanak supados seneng, nembé ngertos.

Maksadipun, cara punika ngrupiaken gerakan kebudayaan ingkang saged dilakokaken, supados seni tradisional boten kepaku sareng tradisi mawon. Ugi mekaten contohé teng para dalang wayang. Sering pisan, tuan hajat nyuwun lakon dadakan, ingkang boten disiapaken dalang saking griya. Punika ngrupiaken, yén kesenian karya sedaya, seniman lan penontoné.

Nalika teng acara "Pesta Topeng" (1993) teng Taman Ismail Marzuki (TIM), Jakarta, Endo nyuwun supados para penari topéng disukani kasempetan nyriosaken punapa-punapa perkawis tari. Wangi Indriya saking Tambi (Indramayu) lan Baherni saking Gegesik (Cirebon) tampil teng bagian diskusi. Tamtu mawon boten sareng makalah lan sewontené ngucapaken élmu lan pengalamané. "Para penari punika sanés dados objek mawon, nanging ugi kedah saged dados subjék," tuturipun Endo.

**Sinau kesenian**

Kapan Endo Sianda nalika maksih alit sinau kesenian?

Endo boten ngertos kapan milai sinau nabuh gamelan, tari, lan ngedakaken wayang. Nanging, awit alit sampun caket sareng kesenian daérah. "Teng keluarga kula boten wonten ingkang dados seniman. Bapa kula guru, aki kula jurutulis désa, sedérék-sedérék katahé petani. Mung kula mawon ingkang seneng seni."

Pengalaman yuswa alit wau rupi-rupiné wonten ingkang dados pengalaman unik, sebab bapanipun Endo nglarang piyambeké milet kesenian. Bapanipun ngraos isin, sebab Endo dados pengendang, nabuh gamelan, uga tari ronggéng. Jagat seni tradisional kadosdéné ronggeng dianggep ngisinaken tiyang sepuh. Malahan wonten istilah saking bapanipun, "Ngajar laré sanés saged, nanging ngajar laré piyambek, boten saged."

Ingkang damel kagét, Endo "diusir" saking griya, upami maksih angger teng kesenian. Sinareng kepaksa, Endo medal saking griya, lan milet "mondok" teng griya tiyang sanés. Taun 1960-an punika akhire Endo dibakta pamané késah menggawé teng Jakarta. Nanging mlampahé Endo kados-kadosé tetep kedah teng jagat kesenian. Boten lami teng Jakarta, Endo giat malih teng



kesenian minangka pengendang wayang. Malahan piyambeké sampun angsal bayaran ingkang kegolonge ageng. Yatra bayaran punika dianggepé ageng, lan saged nutup biaya sekolah lan biaya sanésé.

"Kadang-kadang kula nyukani yatra teng bapa, sebab kula uning gaji bapa dados guru puniku maksih kirang," kocapipun Endo.

Lami-lami bepanipun Endo nrima kawontenan ingkang didamel Endo. Rupi-rupiné jagat kesenian ingkang dipilih Endo, dimaklumi. Malahan, nalika Endo damel wayang golék saking kayu, bapanipun milet ngréwangi nugel-nugel kayu kanagge bahan wayang golék. Saking kesenian punika Endo ugi saged mlebet lan mbiayani kuliah teng ASTI (Akademi Seni Tari Indonesia) Bandung. Mlampahipun Endo Suanda kados-kadosé sampun kaserat, inggih punika dados takdir.

Endo nganggep perkawis puniki ngrupiaken takdir. Piyambeké mung saged teng kesenian, boten saged menggawé sanésé. Sengén nalika teng désané dikéngkén bapané ngarit suket, tapi asilé boten katah, sebab boten pinter ngarit. Takdir ugi milet teng mlampah selajengé nalika dados pegawai negeri sipil (PNS)

**Filosofi "boten nurut"**

Wonten ingkang bénten dibanding tiyang sanés secara umum teng diri Endo Suanda. Nalika alit, Endo dianggep "boten nurut" tiyang sepuh. Malahan Endo tetep nerasaken teng jagat kesenian. Watek "boten nurut" punika malahan kebakta nganti dados PNS. Mung kawan taun Endo betah dados PNS. Taun kaping setunggal dados PNS teng Yogya dijalani. Taun kaping kalih milai wonten konflik. Taun kaping tiga sikapé Endo "boten nurut". Taun kaping sekawan medal saking PNS.

Teng manah Endo gadah filosofi, yén nurut punika antikreatif. Sebab kreatif punika wonten nalar, ugi wonten tanggungjawab. Ndilalah kersané Gusti Allah, sikap lan watek "boten nurut" punika wonten ingkang nganggepé kreatif. Nyatané pengalaman "boten nurut" wonten ingkang mbijih, dianggepé saé. Nalika Endo ngilari beasiswa belajar teng Amerika Serikat, wonten pituduh. Akhiré Endo katrima sekolah.

Sedasa taun sekolah teng Amerika, teras Endo ugi mulang seni budaya teng riku. Endo ugi ngilari élmu seni sanésé, utaminé seni-seni saking Amerika Latin lan Eropa. "Kula pernah dikéngkén mulang seni budaya Meksiko. Tamtu mawon kedah uning lan sinau krihin seni budaya Meksiko," ungkapé Endo.

Filosofi "boten nurut" nyatané nyambung sareng jagat kesenian lan kabudayan. Sebab miturut Endo, wonten kalané punapa-punapa ingkang wonten teng kesenian nanging boten wonten teng élmu sanésé. Ugi sewaliké. Wonten kalané, saged dijelasaken teng kesenian, nanging botn saged dijelasaken teng élmu sanésé. Ugi, sewaliké. Saged ditampilaken teng kesenian, nanging boten saged dijelasaken secara tembung-tembung (verbal).

Teng jagat kesenian, punapa-punapa ingkang boten mungkin, tapi saged mungkin. Ugi sewaliké. Teng kesenian, punapa ingkang sawon malahan dados saé. Miturut Endo, "Teng riku wonten filosofi, punapa-punapa wau sanés salah, teras titik. Ingkang dianggep leres punika boten tunggal."

Endo nyriosaken, yén sinau kesenian punika boten sami sareng sinau elmu sanésé. Awit alit piyambeké ngraosaken milet nabuh gamelan ingkang penting seneng lan wonten teng manah. Boten ngertos unén-unén saking gamelan punika, lagu punapa? Dados, simpulan piyambeké, upami nglatih laré-laré boten kedah dijelasaken arti lan makna seni. Malahan, upami dijelasaken arti lan maknané, mungkin mawon akhiré boten ketarik.

Teng jagat seni, wonten lagu ingkang saged dipalajari lan dijelasaken, nanging wonten malih lagu ingkang boten saged dijelasaken. Sagedé dirasakaken. Contohipun suluk utawi nembang pupuh/macapat, ingkang saged diplajari lan dijelasaken maknané. Nanging kanggé senggak, boten saged. Kocapé Endo, "Kula takén teng para panjak, kepripun blajar senggak, jawabé dirasakaken teras ditirokaken mawon."

Perkawis seni tradisional, miturut Endo, punika kegolongé karya seni sedanten. Karya seniman lan penontoné. Boten seniman mawon ingkang nggadahi karya, ugi para penonton milet nambih werna teng kesenian.

**Krisis kabudayan**

Teng jagat kabudayan, sing sengén sampun wonten krisis, krisis kabudayan. Nalika barang-barang utawi punapa ingkang énggal dugi, teras ditolak, sebab dianggep boten pas sareng tradisi, sareng keaslian. Dalang wayang golék purwa (Sunda) Asep Sunandar Sunarya ditolak, keranten dianggep boten pas sareng pakem. Ugi, dalang wayang kulit Ki Narto Sabdo. Nanging saniki, para dalang niru, lan ngaku mendet élmu Dalang Asep utawi Dalang Ki Narto. Punika ingkang dados contoh krisis kabudayan.

Teng jagat kilén (barat), nalika wonten kain sutra ingkang saé, dienggé para pendéta, teras dados rame. Dianggep boten pas sareng tradisi, nge-pop, lan reginé awis. Tapi saniki, sampun biasa dienggé para pendéta. Krisis kabudayan wonten teng saben abad, saben taun mungkin. Punika ingkang dados pelajaran Endo, yén seni tradisi kedahé boten kaku lan boten picik. "Pakem punika boten kanggé belenggu, tapi kedahé kula-kula dados cerdas," ujaré Endo.

Maksadipun Endo, wonten pakem teng kesenian, tapi ugi kedah dibarengi improvisasi, sebab improvisasi punika secara naluriah wonten. Punika ingkang dinamikané intuisi. Intuisi lair keranten wonten kecerdasan. Kecerdasan punika kumpulan punapa-punapa, sedanten teng kesenian, ingkang wonten keranten prosés latihan. **(supali kasim)*****

# BALAPAN PRAU PRAUAN FESTIVAL TJIMANUK 2018

déning TASOEKA

Ning sajeroné Hari Jadi Indramayu kaping-491 Panitia Festival Tjimanoek 2018 nganakaken kegiatan Balapan Prau-prauan ning Kali Cimanuk. Miturut ketua pelaksana, Ucha M Sarna, lomba balapan prau-prauan dudu baé sekedar ngraméaken kegiatan festival, tapi ana sing luwih penting yaiku ngenalaken maning jenis-jenis prau sing pernah ana lan dienggo masyarakat Dermayu.

"Uga bisa gawé nyukulaken maning industri kreatif sing bisa diarapaken dadi motor perékonomian masyarakat. Sebab ning pirang-pirang tempat ning Indramayu, contohé ning Désa Pagirikan, Désa Pasékan, lan Erétan dikenal dadi sentra pengrajin prau, tapi sampé sepréné durung ana ékspos anané maning industri kreatif mau, sing bisa dikaitaken karo industri pariwisata," jaré Ucha maning.

Lomba balapan Prau-prauan dwék dibuka kanggo umum lan di bagi rong kelas, yaiku Kelas Layar lan Kelas Eléktrik. Ning Kelas Layar, peserta diwajibaken nggerakaken prauné nganggo layar tok, sing olih bantuan angin. Ning Kelas Eléktrik, kabéh peserta diwajibaken nganggo model tradisional tapi dilengkapi peralatan éléktrik kanggo ndroong prauné.










Miturut panitia, pesertané lumayan akéh, malahan ana peserta sing Cerbon melu andil ning lomba kiyen. Jaré panitia maning, "Sebab lomba modél mekénén nembé ana ning Pulo Jawa. Tamtuné menarik kanggo dipéloni. Sing wis ana iku ning Banyuwangi Jawa Timur, tapi béda. Bédané, ning Banyuwangi mung ana kelas éléktrik. Mungkin lomba sing ana ning Dermayu iki luwih mirip lomba prau Sandek ning Manggar, Suawesi Selatan."

Lomba katon ramé ning pinggir Kali Cimanuk iku. Tuwa-nom, lanang-wadon, gedé-cilik pada melu nyemangati peserta. Sebab jaré para penonton iku, kiyen iki acara sing unik pisan. "Rata-rata para penonton pada beli weruh lan beli ngarti jenis prau sing dilombaaken," jaré salah siji penonton.

Jenis prau mau wis ora ana maning sing dienggo. Artine wis pada punah. Mulané, panitia ning sela-sela lomba bari ngupai narasi jenis prau tradisional sing lagi dilombaaken.

Minangka daerah pesisir sing duwé garis kisik luwih sing 140 Km,e Indramayu sugih karo tradisi maritime. Sing ana ning masyarakaté, tata pergaulané, uga tata pekakas sing dienggo kanggo mbantu kauripan sedina-dina

masyarakaté, yaiku contohé gegawéan prau kayadéné sing ana ning desa-desa sing dicontohaken ning duwur.

Didukung tempat geografis Indramayu sing strategis, karena ana ning garis listasan perdagangan ning mangsa bengen, proses gegawean prau uga dadi akulturasi budaya para wong-wong sing teka mau. Sing setitik-akehe duwe pengaruh maceme wujud uga motif sing ana ning prau

gawean masyarakat Indramayu. Contohe motif Bunga Tanjung sing ana ning prau Jegong, motif kuen mirip karo motif-motif sing ana ning daerah Melayu Riau

Secara umum prau tradisional sing pernah ana ning Indramayu miturut Tasoeka, ana wolung jenis yaiku:

1) Jegong

Prau Jegong duwe ciri khas, yaiku serang arep karo guri tegak lurus. Mirip karo maesan kuburan. Tiang layar siji ning tengah. Sebaran jenis prau iki ana ning daerah Parean Kandanghaur. Sampe sekiyen masih dienggo masyarakat Parean.

2) Tembon

Prau Tembon cirine bentuk serang arep karo guri wujude godong waru setugel. Tiang layare ana loro, tiang agung karo penganak. Tapi prau tembon sing rada gede ning arepe kadang dipai layar lancip kaya prau pinisi Bugis. Sebaran jenis prau kiyen ning Serang sampe tekang Brebes. Sayange jenis prau kiyen awit taun 2000-an awal wis laka sing ngenggo. Sebab awit mulai era mesinisasi prau ning taun 1980-an, prau jenis kiyen dianggep kurang efisien tata letak pengoprasiane, padahal jenis Tembon iki dikenal minangka Raja Laut Jawa karena balape.

3) Kolek

Prau Kolek serang arepe mirip karo Tembon, tapi serang gurine mirip bentuk ilir kotak. Bedane Kolek dicet karo motif sing atraktif, kayadene motif mega mendung. Ciri khase maning ning serang arep prau Kolek dipai patung wayang. Sebaran jenis prau kiyen sing Muara Bungin Bekasi sampe tekang Madura. Sayange, jenis prau kiyen uga kalah saing karo jenis prau universal akibat era mesinisasi ning taun 1980-an

4) Khonting

Jenis prau Khonting nduweni ciri serang arep guri pendek. Mirip karo jenis Cokrik, tapi ora mlengkung. Menarike, prau jenis kiyen siji-sijine sing pernah kecatet ning catetan sing ana ning Keraton Cerbon, yaiku waktu Pangeran Walangsungsang mangkat kaji taun 1400-an lan kedampar ning muara Cilamaya. Ning kono katulis, yen prau sing dienggo iku jenis kiyen. Sebaran jenis prau kiyen sing Jakarta sampe Brebes. Pada karo jenis-jenis prau sejene, Khonting uga ora bisa saingan karo jenis prau universal.

5) Dorit

Jenis prau Dorit ciri khase serang arep karo guri mirip jriji penudu rada mlengkung. Adep-adepan karo Khonting. Sebarane sing Serang sampe Madura. Jenis prau kiyen uga ngalami nasib pada karo sejene, yaiku




kalah saing karo jenis prau universal.

6) Cokrik

Ciri jenis prau kiyen serang arep lan serang gurine mirip karo prau jenis Dorit. Mung bae, lurus ora mlengkung adep-adepan. Sebaran jenis prau kiyen sing Serang sampe Brebes. Kabar baguse, jenis prau kiyen masih akeh sing ngenggo, khususe nelayan sing Desa Pabean udik.

7) Lawak

Prau jenis Lawak nduweni ciri digawe sing prau selonjor. Dadi laka sambungan papane. Prau jenis kiyen dienggo nelayan luru iwak ning jero kali bae. Sebarane sing Kramat Banten sampe Dermayu. Prau jenis kiyen masih akeh sing ngennggo ning daerah Banten nggo luru wedhi.

8) Sope

Prau jenis kiyen sebenere jenis prau transisi antara prau tradisional lan universal. Sebab kemunculan jenis kiyen waktu ana gelombang mesinisasi pelayaran taun 1980-an. Digawe kanggo mengakomodir nelayan sing masih setia karo bentuk tradisional. Ning sisi sejene mengakomodir keperluan mesinisasi pelayaran mau lan sampe sekiyen masih akeh sing ngenggo

Masih miturut Tasoeka, bedane sing pokok antarra prau tradisional karo prau universal yaiku letak serang arep karo serang guri. Yen prau tradisonal anane ning bungas Lunas. Yen prau universal serang guri kepotong tegak lurus nggo naroh “boskoker” tempat propeller ( kipas)

Karo anane lomba balapan prau-prauan diarepaken misi pengenalan budaya maritime sing pernah ana ning Indramayu bisa muncul maning. Sing luwih penting karo anane lomba kiyen, yaiku industri kreatif sing duwe ciri khas Dermayonan bisa ngembang maning.

Para pemenang asil lomba prau-prauan, yaiku:

Kelas layar: 1) Mangga Hip Hop (Indramayu), 2) Jelly Gold (Indramayu), 3) Vocantris (Indramayu), 4) Kembang Biar (Indramayu), 5) Diskominfo (Indramayu)

Kelas elektrik: 1) Orager (Cirebon), 2) Lekids (Cirebon), 3) RCBI (Indramayu), 4) Dayak Photography (Indramayu), 5) Lekids (Cirebon).***

# FESTIVAL DOLANAN BOCAH KAMPUNG PARA SENIMAN KUDU MÉLU MUDUN LAN NGGARAP

Dolanan bocah kampung? Ya. Dolanan bocah kampung, kayadéné éngklékan, slodoran, lebonan, umpet-umpetan, sampé lebé bisikan iku digawé perayaan utawa festival lan lomba. Sing rame maning, yaiku dolanan bocah sing ana tembangané. Bocah-bocah ramé dolanan bari tetembangan, sesiwoan, lan jejogédan.

Ning panggung sisih Kali Cimanuk Indramayu, festival mengkonon digawé. Bocah-bocah sekolah dasar sing kecamatan-kecamatan ramé nampilaken dolanané. Pirang-pirang dolanan gawé ramé, kayadéné dolanan impur-impur, kemporong, peci-peci turi, ula-ula kelabang, salimpetan, ceciwit, rembé-rembé, lan séjén-séjéné.

"Festival Dolanan Bocah iki digelar ning sajeroné Festival Cimanuk utawa Hari Jadi Indramayu. Mulai taun wingi ana. Taun kiyen ping lorone. Muga-muga seni dolanan bocah bisa urip maning lan gawé banda-kaya kabudayan, sing bisa gawé bocah-bocah seneng ning dolanan tradisional. Aja sampé mung kenalé mung maén hapé baé," jaré Asep R. Somantri, panitia sing Disbudpar Kab. Indramayu.

Dewan Juri sing mbijih lomba kiyen, yaiku Dalang Ahmadi, Mimi Wangi Indriya, lan H. Nono Haryono. Senajan jagaté krasa panas kaya dipépé ning pinggir kali, juri tetep semangat. Akhiré juri mutusaken juara, yaiku sing SDN Margadadi 1 Kec. Indramayu.

**Tingkat propinsi**

Rupané festival kaya konon uga ana lanjutané ning tingkat propinsi, yaiku anané Festival Kaulinan Urang Lembur ning Taman Budaya Jawa Barat, Dago, Bandung. Acara digawe UPTD Pengelolaan Kebudayaan Daerah Disparbud Jabar, telung dina (11-13 Oktober 2018). Acara dibuka Kepala Disparbud Jabar, Hj. Ida Hernida, S.H., M.Si.

Miturut Ida Hernida, dolanan bocah kampung penting pisan kanggo bocah-bocah zaman sekiyen. Sebab, akéh dolanan sing wujudé campur karo teknologi tapi nduwéni unsur pendidikan sing setitik. Tapi dolanan bocah kampung akéh unsur pendidikané. Ana gerakan motorik, pemikiran otak, perasaan batin, dicampur dadi siji. Iki pas karo unsur-unsur pendidikan kanggo bocah.

Ning wewengkon Jawa Barat akéh macem-macem dolanan bocah. Mungkin ana keunikan déwék ning saben kabupatén, saben kecamatan, saben désa, sampé kampung-kampung. Sing jelas, wujud kabudayan ning Jawa Barat akéh pisan. Ana kira-kira 500-an wujud kabudayan ning propinsi iki.

Drs. Casmadi, M.Pd. minangka Kepala UPTD Pengelolaan Kebudayaan Daérah ngrasa bungah pisan anané festival iki. Apa maning hampir sekabéh kabupatén/kota pada teka. Iki ngrupakaken wujud pengembangan lan pelestarian kabudayan daérah sing ana ning Jawa Barat.



"Muga-muga saben taun bisa kelaksana. Muga-muga taun arep sekabeh kabupatén lan kota ning Jawa Barat mélu kabéh. Sebab pengalaman manggung kanggo bocah-bocah iku perlu pisan," jaré déwéké.

Peserta diupai kasempetan manggung sampé limalas menit. Sampé telung dina jadwal sing tampil ning festival, yaiku dina pertama Kab. Sukabumi, Ciamis, Cianjur, Kota Cirebon, Cimahi, Pangandaran, Kota Tasikmalaya, Bandung Barat, lan Tasikmalaya. Dina kaping-loro, yaiku Kab. Kuningan, Bandung, Kota Banjar, Sumedang, Bogor, Sukabumi, Karawang. Dina kaping-telu yaiku Kota Bekasi, Subang, Majalengka, Kota Bandung, Indramayu, Kab. Bekasi, Garut, Kota Depok, lan Kota Bogor.



Déwan Juri mbijih wolung perkara, yaiku tata gerak, tata musik, tata rias & busana, keunikan, originalitas materi, properti & artistik, paling motekar, lan penyajian (pengolahan).

Miturut panitia, Mas Nanu Muda, dolanan bocah utawa kaulinan urang lembur utawa kaulinan barudak utawa kaulinan tradisional ngrupaaken dolanan tradisional sing cukul lan ngembang ning masyarakat saiji wewengkon, sing duwé kekhasan, keunikan, lan durung kenal karo modernisasi.

"Kekhasan iku dadi wujud kearifan budaya lokal. Ning segi basa, istilah aran, cara dolanan, gerakan utawa olah tubuh, musik, bisa nganggo alat, bisa nganggo suwara cangkem," kocapé Nanu Muda.

Pemenang ning festival tingkat propinsi, yaiku: Kab. Bandung Barat (komposisi gerak), Kab. Bandung Barat (struktur garapan), Kota Cirebon (tata pentas), Kab. Sumedang (tata rias dan busana), Kab. Karawang (tata gending/musik), Kab. Majalengka (tata artistik), Kota Bekasi (orisinalitas), lan Kota Bogor (kreativitas).

Nanu Muda ngarepaken para seniman ning daérah kudu mélu nggarap. Sebab dolanan bocah dudu sekedar dolanan ning palataran. Sewaktu ning panggung, dolanan bocah dadi kesenian panggung. Ning kono butuh penataan gerak lan tari, komposisi, blocking, variasi gerak lan tari, uga pengiring musik utawa gamelan sing pas, obrolan/dialog sing uga kudu pas.

"Para seniman perlu mélu mudun, kayadéné seniman tari, seniman karawitan, seniman tembang, seniman teater, sastrawan sing melu nulis naskah utawa skenario, lan sutradara, supaya dolanan bocah bener-bener bisa dadi kesenian panggung sing énak ditonton, tapi duwé kekhasan déwék sing sipaté unik lan tradisional," kocapé maning. **(supali kasim)*****



# MASYARATAKEN LAN LATIHAN UKBI MAHASISWA IAIN SYEKH NURJATI CIREBON

déning DINDIN SAMSUDIN



Sampé sepréné iki, mungkin akéh wong sing biasa maca, pernah ngrungu istilah TOEFL (*Test Of English as a Foreign Language*). TOEFL utawa alat kanggo ngukur pinteré nguasai basa Inggris pancén wis akrab pisan ning masyarakat Indonesia, utamané ning kalangan akademisi. Supaya olih béasiswa kuliah ning nagri manca, umumé TOEFL dadi sarat utama. Malahan, kanggo nglanjutkan sekolah pascasarjana ning universitas ning 'dalam negeri' uga, beli setitik sing gawé aturan kudu mélu TOEFL dikit.

Yén basa Inggris duwé TOEFL, basa Indonesia duwé alat Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI). UKBI ngrupakaken alat uji sing awit taun 2003 wis dibakuaken Mendiknas minangka alat ukur pinteré nguasai basa Indonesia sawijiné wong tanpa ngitung kapan lan ning endi wong iku blajar bahasa Indonesia. Artiné, UKBI bisa disebut minangka TOEFL-é basa Indonesia. Tapi, béda karo TOEFL (sing mung dipéloni para penutur sing basa ibuné dudu basa Inggris), UKBI bisa dipéloni déning sekabéh penutur basa Indonesia, yaiku penutur jati (wong Indonesia) uga wong asing.

Sayang, sampé sepréné waktu kiyen alat UKBI durung sekabéhané diweruhi déning masyarakat akéh, beli kacuali ning kalangan perguruan tinggi, dadi UKBI durung dimanfaataken minangka alat ukur pinteré nguasai basa Indonesia kanggo para mahasiswa utawa dosén. Kaitané karo kuwen, Jurusan Tadris Bahasa Indonesia, Fakultas Ilmu Tarbiyah dan Keguruan (FITK), IAIN Syékh Nurjati Cirebon kerja bareng karo Balai Bahasa Jawa Barat gawé sosialisasi lan pelatihan UKBI kanggo mahasiswa seméster VII lan para dosén ning Jurusan Tadris Bahasa Indonesia IAIN Syékh Nurjati.

Kegiatan iku dianaaken tanggal 11 Oktober 2018 ning Fakultas Ilmu Tarbiyah dan Keguruan, IAIN Syékh Nurjati, Jalan Perjuangan, Cirebon. Akéhé 36 mahasiswa seméster VII lan 10 dosén Jurusan Tadris Bahasa Indonesia melu acara kuwen. Panitia pelaksana dan pengelola UKBI Balai Bahasa Jabar, yaiku Nantje Harijatiwidjaja, M.Pd., Asep Rahmat, M.Hum., Resti Nurfaidah, M.Hum, lan Dindin Samsudin, S.S. dadi pemandu lan pengawas ning UKBI iku.

Ning ucapané, Ketua Jurusan Tadris Bahasa Indonesia FITK IAIN Syékh Nurjati, Dra. Tati Sri Uswati, M.Pd. ngupai apresiasi seduwur-duwuré kanggo Balai Bahasa Jawa Barat sing wis kerja bareng karo Jurusan Tadris Bahasa Indonesia IAIN Syékh Nurjati. Tati Sri Uswati nyampékaken, yén UKBI dadi salah sawiji prasyarat kelulusan mahasiswa Jurusan Tadris Bahasa Indonesia FITK IAIN Syékh Nurjati Cirebon. Tapi, Jurusan Tadris Bahasa Indonesia durung nentokaken wates standar minimal skor sing kudu diduwéni para mahasiswa ning UKBI. Tati Sri Uswati uga nambahaken, yén kanggo dosén, UKBI iki dilakokaken minangka upaya mutakhiraken pinteré nguasai basa kanggo para dosén Basa Indonesia.

Sementara iku, Nantje Harijatiwidjaja, M.Pd., koordinator pelaksana UKBI Balai Bahasa Jawa Barat nyebutaken, yén target utama kegiatan iki yaiku sosialisasi lan pelatihan. Tapi, ning pelaksanaané para peserta uga dikenalaken langsung karo soal pelatihan UKBI, sing wujudé serupa karo soal sing sebeneré. Dadi, skor peserta UKBI mengkoné bisa uga didadékaken tolok ukur pinteré nguasai basa Indonesia para guru, mahasiswa, lan dosén Jurusan Tadris Bahasa Indonesia FTIK IAIN Sykh Nurjati Cirebon.

Beli béda adoh karo TOEFL, materi sing diujiaken ning UKBI secara lengkep yaiku ngenggo basa Indonesia (lisan utawa tulisan) ning sekabéh bidang, keanan, utawa wilayah ngenggo basa, sing wujudé wilayah: 1. kesintasan (bertahanan hidup); 2. kemasyarakatan (sosial); 3. keprofesian (vokasional); 4. keilmiahan (akademik).

Materi tés UKBI nduwéni isi lima séksi, yaiku patang seksi nguji trampilé ngenggo basa, sarta siji séksi nguji kaidah lan pemahaman tata basa Indonesia. Lima séksi iku, yaiku Ngrungokaken (40 butir soal, 30 menit),

Ngréspons Kaidah (25 butir soal, 20 menit), Maca (40 butir soal, 45 menit), Nulis (1 butir soal, 30 menit), lan paling akhir, yaiku Ngomong (1 butir soal, 15 menit).

Peserta uji sing kudu bisa komunikasi secara lisan lan tulis ning basa Indonesia klawan akéhé (pengajar basa Indonesia, penerjemah, penyiar, penulis, wartawan, lan peneliti bidang kebahasaan) kudu mélu lima seksi sing ana ning sajeroné UKBI kanggo bisa kawruhan secara lengkap peta pinteré nguasai basa Indonesia. Sementara kuwen, peserta uji karo watek sing luwih akéh nggunakaken basa Indonesia kanggo perluné reseptif bisa mélu telung seksi UKBI, yaitu Ngrungokaken, Ngréspons Kaidah, lan Maca. Ketelu séksi iku wis makili wujud komunikasi lisan lan tulis peserta.

Ning pelatihan sing dianaaken ning Jurusan Tadris Bahasa Indonesia IAIN Syekh Nurjati, sing lima séksi sing nuntut jawaban-jawaban sing duwe acuan semi abstrak (implisit utawa semiimplisit), ngrupakaken penerapan, lan perlu analisis. Soal prosedural nuntut jawaban-jawaban sing duwé acuan abstrak (implisit), perlu evaluasi, lan perlu analisis sing akéh kaitané.

Dasaré sing wujud, jenis, lan kandungan materi kaaya konon, UKBI bener-bener mampu ngukur tingkat kemahiran nganggo basa Indonesia sawijiné wong, sing pas karo skor/peringkat. Peringkat ning sajeroné skor UKBI awit peringkat paling duwur sampé paling sor, yaiku urutané Istiméwa, Sangat Unggul, Unggul, Madya, Semenjana, Marginal, lan Terbatas.

Kaitané karo wates paling sor standar kemahiran, perlu weruh yén ana Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia Nomor 70 Tahun 2016 perkara Standar Kemahiran Berbahasa Indonesia.



ana ning tahapan UKBI, para peserta mung diuji sampé karo séksi III (Maca), kerna waktu sing watesé pendek. Pengujian telu séksi iku ngrupakaken wates paling setitik séksi pengujian kanggo ngukur wujud komunikasi lisan lan tulis peserta. Dadi, klawan pelatihan UKBI iki bisa uga ditrima gambaran tingkat pinteré nguasai basa Indonesia mahasiswa lan dosén Jurusan Tadris Bahasa Indonesia IAIN Syekh Nurjati, yaiku ning perkara ngrungokaken, mahami kaidah, lan maca.

Materi UKBI didadékaken telung jenis soal: faktual, konseptual, lan prosedural. Kaitané yaiku sekabéh wacana (lisan lan tulisan) sing bisa dideleng ning tingkat kemampuan sawijiné wong: kesintasan/*survive*, sosial-kemasyarakatan, vokasional/keprofesian, lan akademik.

Soal-soal faktual nuntut jawaban-jawaban sing duwé acuan konkret (eksplisit), ngrupakaken ingetan/pahaman, lan beli perlu analisis. Soal konséptual

Standar kemahiran nganggo basa Indonesia kanggo penutur jati ditentokaken karo dasar tingkat kebutuhané ning sajeroné komunikasi nganggo basa Indonesia.

Standar kemahiran nganggo basa penutur jati basa Indonesia kanggo tingkatan pendidikan perguruan tinggi lan pascasarjana miturut Permendikbud No. 70/2016 yaiku “Unggul”. Sementara kanggo tingkatan ning pendidikan sasor, SLTA standar kemahiran minimal yaikuh “Madya”, SLTP minimal “Semenjana”, lan SD minimal “Marginal”. Ning sajerone Permendikbud No. 70/2016 uga disebutaken yén standar kemahiran kanggo guru yaiku “Madya”, sementara kanggo standar kemahiran nganggo basa Indonesia khusus kanggo guru Basa Indonesia yaiku “Unggul”. Sementara kuwen, standar kemahiran nganggo basa Indonesia kanggo dosén yaiku “Unggul” lan guru besar yaiku “Sangat Unggul”.

Nantje Harijatiwidjaja nambahaken yén sing awit taun 2016, pas karo Peraturan No. 82 Tahun 2016 perkara Jenis dan Tarif atas Jenis Penerimaan Negara Bukan Pajak yang Berlaku pada Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, pamélon sing mélu ning UKBI kena biaya. Ning aturan kuwen ditetepaken yén tarif UKBI kanggo (1) Pelajar/Mahasiswa Rp135.000. (2) Umum Rp300.000. lan (3) WNA Rp1.000.000.

Perguruan tinggi ning Jawa Barat kayadéné IKIP Siliwangi, UPI Bandung, Unpas Bandung, Politeknik Negeri Bandung, Unsur Cianjur, Unsil Tasikmalaya, Unswagati Cirebon, STKIP Garut, Unisma Bekasi, lan Unikom Bandung pancén wis kerja bareng karo Balai Bahasa Jawa Barat ning pelaksanaan UKBI kanggo para mahasiswané. Sekabéh perguruan tinggi mau wis ndadékaken UKBI dadi syarat akademik sing wajib dipéloni ning mahasiswa. Malahan, ana perguruan tinggi sing nentokaken wates nilai minimal skor UKBI kanggo mahasiswa S-1, S-2, lan S-3 dadi syarat kanggo bisa njalani sidang akhir.

UKBI dimaksudaken supaya basa Indonesia sing duwé penutur luwih sing 200 juta iki sejajar karo basa modéren séjéné. Sewiji basa bisa disebut modéren yén duwé ciri telu, yaiku duwé kamus, duwé tata basa, lan duwé alat uji. Dadi, basa Indonesia ngrupakaken basa sing modéren sebab wis duwé Kamus Besar Bahasa Indonesia, Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia, lan UKBI sebagai alat uji.

UKBI nguji keterampilan nganggo basa Indonesia sawijiné wong secara alamiah. Ping pira seringé wong kuwen nglakokaken prakték nganggo basa Indonesia, kayadéné ngrungokaken lan ngomong ning pirang-pirang keanaan nganggo basa; maca pirang-pirang wacaan basa Indonesia; sarta nulis pirang-pirang jenis téks ning basa Indonesia bisa nentokaken pinteré nganggo basa Indonesia léwat duwur-sore skor UKBI sing diasilaken.

Ning intiné, ana perkara telu sing utama nganggo sing diukur ning UKBI: *kaping-siji*, keterampilan reseptif pamélon uji ning kegiatan maca lan ngrungokaken; *kaping-loro*, kaweruhan lan pemahaman pamélon uji ning penerapan kaidah basa Indonesia; lan *kaping-telu*, keterampilan produktif pamélon uji ning kegiatan nulis lan ngomong (ning sajerone nggunakaken basa Indonesia lisan).

Sing dasaré perkara kuwen, UKBI sebenaré uga bisa digunakaken dadi alat kanggo nrima pegawé. Para pegawé profesi ning sawiji sing nggunakaken basa minangka media sing digunakaken kanggo nentokaken kasilé kerjaan, kayadéné guru, dosen, peneliti, editor, wartawan, penulis, penyiar, penerjemah, pelatih, utawa penyuluh tamtu dituntut supaya duwé kepinteran nganggo basa Indonesia. Artiné, keahlian wong-wong iku ning basa Indonesia iku penting pisan. Kanggo karyawan asing sing kerja ning Indonesia, malahan dudu baé bisa nulis, ngomong uga perlu nggunakaken basa Indonesia. UKBI uga bisa digunakaken dadi salah sawijiné alat



kanggo mbijih sewaktu netepaken jabatan, kanggo mbijih lomba kebasaan, utawa seléksi béasiswa pendidikan.

Terus, kepriwén karo PNS? Pegawé sing siji iki ngrupakaken pegawé pamréntah. Demen basa Indonesia wis tamtu kudu ditandur lan diwujudkaen ning sedina-dinané, utamané ning forum-forum resmi sing dipéloni. Dadi, wis sepantasé yén UKBI uga dipéloni ning waktu seléksi penerimaan pegawé. Apamaning, pegawé pamréntah sing ngrupakaken guru utawa dosén sing sedina-dinané pasti nyampekaken matéri, lisan utawa tulis, nganggo basa Indonesia, kanggo para siswa utawa mahasiswané. Ning Badan Bahasa wis lawas UKBI dida-dekaken salah sawiji alat uji kanggo penerimaan pegawé.

Sejatiné, wis jelas pisan yén UKBI iki bisa digunakaken kanggo kepentingan-kepentingan khusus. Misalé, ning seléksi penerimaan mahasiswa anyar. Mahasiswa tamtu beli lepas sing tugas-tugas sing wujudé gawé makalah, penyusunan skripsi, tésis, utawa disertasi ning akhir masa belajaré mengko. Sekabéh iku arep ditulis nganggo basa Indonesia. Dadi, UKBI ning penerimaan mahasiswa anyar mungkin pisan dilakokaken.

Sing awit taun 2004 sampé Desember 2017 pamélon sing wis nglakokaken tés UKBI ning Balai Bahasa Jawa Barat ketulis kira-kira 11.666 wong. Sekabéh pamélon iku asalé sing pirang-pirang pegawéan, kayadéné guru, dosén, mahasiswa, siswa, PNS, jurnalis, widyaiswara, lan wiraswasta. Ning antarané pamélon iku ana warga negara asing.

Sejegé akhir tahun 2016, Balai Bahasa Jawa Barat wis dipercaya kanggo nggunakaken soal standar ning pengujian UKBI. Dasaré sing catetan, sampé sekiyen pamélon UKBI sing nggunakaken soal standar iku, durung ana sing bisa olih bijih Istimewa. Peringkat paling duwur pamélon nembé sampé ning peringkat Sangat Unggul.

Nantje Harijatiwidjadja ngupai weruh yén masya-rakat sing arep nguji pinteré nguasai basa Indonesia liwat UKBI utawa péngén kerja bareng sing kaitané pengujian UKBI, bisa langsung ngubungi Tim UKBI Balai Bahasa Jawa Barat, Jalan Sumbawa Nomor 11 Bandung.

***Penulis, Pelaksana lan Pengelola UKBI ning Balai Bahasa Jawa Barat.**

# UTAMAAKEN BASA INDONESIA, LESTARIAKEN BASA DAERAH, LAN KUASAI BASA ASING

déning DINDIN SAMSUDIN

Senyatané nganggo basa Indonesia ning Indonesia, khususé ning Jawa Barat, masih baé gawé prihatin. Yén dideleng, sampé sekiyen masih akéh wong sing nganggo basa Indonesia ning tempat-tempat sing ana ning jaba (papan aran, uga papan pituduh) sing nganggo basa asing utawa campuran basa Indonesia lan basa asing. Contohé ning tempat-tempat khusus ana sing diarani "*The Summit*", "*The Secret*", utawa "*Heritage*". Terus, pirang-pirang kumpulan umah misalé diarani "*Setiabudhi Regency*", "*The Valley*", "*Green Harmoni Regency*", utawa "*The Suites*". Sejene iku, papan pituduh umum ning pirang-pirang toko digunakaken "*in*" lan "*out*" lan arang pisan sing nganggo "masuk" lan "keluar". Contoh séjéné yaiku luwih sering ditemokaken "*meeting room*" lan "*welcome*" tenimbang "ruang pertemuan" lan "selamat datang" ning pira-pira hotél. Malahan, luwih akéh ditemokaken tembung "*men*" lan "*women*" tenimbang "pria" lan "wanita" nalika kita-kita arep manjing ning 'kamar kecil' ning tempat-tempat umum.




Perkara kuwen tamtuné gawé kita-kita ngenes lan kita-kita kudu ngrenungaken, sebenaré kita-kita ana ning Indonesia apa ning negara sing nganggo basa Inggris? Ning endi rasa demen kita-kita minangka bangsa Indonesia sing duwé basa negara lan basa nasional, yaiku basa Indonesia? Terus, arep ditaroh nng endi basa Indonesia minangka jati diri kita-kita minangka bangsa Indonesia?

Anggepan nggunakaken basa asing arep ningkataken gengsi tempat usaha sing diduwéni wong-wong iku kudu dibuwang adoh-adoh sing pikiran masyarakat. Perkara iku perlu dilakokaken sebab ning kenyataané iku, uga akéh tempat sing duwé gengsi duwur senajan aran tempaté nggunakaken basa Indonesia. Salah sawijiné contoh yaiku tempat kumpulan umah élit ning Kabupaten Bandung Barat sing diupai aran "Kota Baru Parahyangan" utawa ning Jakarta ana aran "Pondok Indah".

Sebenaré wis ana Undang-undang sing ngatur perkara nggunakaken basa ning 'ruang publik', yaiku Undang-undang Republik Indonesia Nomor 24 Tahun 2009 tentang Bendera, Bahasa, dan Lambang Negara, serta Lagu Kebangsaan. Ning peraturan iku gawé wajib ngutamakaken nganggo basa Indonesia ning wilayah publik. Ning Pasal 36 Ayat (3) disebutaken yén basa Indonesia wajib digunakaken kaanggo aran bangunan utawa gedong, dalan, apartemen utawa permukiman, perkantoran, kompleks perdagangan, organisasi sing diadegaken utawa diduwéni ning warga negara Indonesia utawa badan hukum Indonesia.

Terus, ning Pasal 37 Ayat (1) ditulis, basa Indonesia wajib digunakaken ning sajeroné infomasi perkara produk barang utawa jasa produksi dalam negeri utawa luar negeri sing duwé édaran ning Indonesia. Selanjuté, Pasal 38 Ayat (1) ditulis, basa Indonesia wajib digunakaken ning rambu umum, petunjuk jalan, fasilitas umum, spanduk, lan alat informasi sing ngrupakaken pelayanan umum.

Selanjuté, ning sajeroné Peraturan Menteri Perdagangan Republik Indonesia Nomor 67/M-DAG/PER/11/-2013 uga disebutaken perkara Kewajiban Pencantuman Label dalam bahasa Indonesia. Ning Pasal 2 Ayat (1) ketulis "pelaku usaha yang memproduksi atau mengimpor barang untuk diperdagangkan di pasar dalam negeri wajib mencantumkan label dalam bahasa Indonesia."

Kanggo ningkataken sikap positif nggunakaken basa Indonesia, Balai Bahasa Jawa Barat gawé kegiatan





“Peningkatan Sikap Positif Masyarakat Indramayu terhadap Bahasa Indonesia dan Bahasa Daerah” sing dianaaken waktu tanggal 21 September 2018 ning Ponpes Darul Ma'arif Kaplongan, Jalan Raya Kaplongan Nomor 28, Karangampel, Indramayu. Akéhé satus pamélon sing duwé pegawéan dadi guru basa, kepala sekolah, lan kepala madrasah sing ana ning lingkungan Kementerian Agama Kabupaten Indramayu diundang ning kegiatan kuwen. Kegiatan sing olih respon antusias luar biasa sing pamelon iku dibuka déning anggota Komisi X DPR RI asal Indramayu, H. Dedi Wahidi, S.Pd.

Ning sajeroné arahan, Dedi Wahidi ngucapaken yén déwéké milih pegawéan ning Komisi X DPR RI sing duwé gerak ning bidang pendidikan lan kebudayaan, sebab déwéké duwé kepéngénan bisa mélu gawé cerdas lan majuaken bangsa lan negara Indonesia liwat ningkaté mutu pendidikan. Ning kasempatan iku, Dedi Wahidi uga nyinggung glengdengan anané sistem pendidikan ning wilayah Indramayu lan Cirebon sing kaitané anan kurikulum, sing kudu ana muatan lokal bahasa daérah ning Jawa Barat, yaiku basa Sunda ning proses pendidikan ning sekolah. Ning sisih séjéné, basa ibu utawa basa sedina-dinané ning umah kanggo masyarakat ning Indramayu lan Cirebon yaiku basa Jawa dialék Dermayu lan Cerbon. Dadi, salah sawijiné sikap sing perlu diobrolaken lan didiskusikaken ning kegiatan “Peningkatan Sikap Positif Masyarakat Indramayu terhadap Bahasa Indonesia dan Bahasa Daerah” yaiku perlu disosialisasikaken perkara sistem lan cara nggunakaken basa Indonesia lan basa daérah sajeroné sistem pendidikan lan sedina-dinané masyarakat Indramayu.

Sementara iku, Drs. Sutejo, Kepala Balai Bahasa Jawa Barat, ning kocapé nyebutaken yén masyarakat Indramayu durung sekabéh duwé sikap positif ning basa Indonesia. Artiné, masyarakat Indramayu masih durung kabéh duwé kesetiaan lan seneng ning basa Indonesia. Buktiné, beli setitik penggunaan basa ning ruang publik lan ning dalan-dalan ning Indramayu masih ana sing ngenggo basa asing. Anané kegiatan iki diarepaken masyarakat Indramayu duwé sikap sing luwih positif maning ning basa Indonesia.

Sutejo uga ngarepaken supaya masyarakat Indramayu duwé sikap positif ning basa daérah, khususé basa Dermayu. Kita-kita kudu duwé slogan “Utamaaken basa Indonesia, lestariaken basa daérah, lan kuasai basa asing.” Sutejo nambahaken yén Balai Bahasa Jawa Barat beli anti ning basa asing. Malahan, masyarakat Indramayu kudu nguasai basa asing, utamané basa Inggris lan Arab misalé. Perkara kuwen perlu dilakukokaken sebab loro basa iku basa internasioanal. Malahan, jaré Sutejo, 90 % élmu kaweruhan lan téknologi ditulis nganggo basa Inggris.

Séjéné Dedi Wahidi lan Sutejo, ning kegiatan iku uga hadir minangka narasumber yaiku Supali Kasim, M.Pd. sing Lembaga Basa lan Sastra Dermayu (LBSD). Ning sajeroné kasempatan iku, Supali Kasim nyebutaken yén sampe sepréné durung sekabéh sekolah mulangaken mulok bahasa Indramayu, kerna telung perkara sing dadi alesan, yaiku: 1. Beli weruh ana aturan mulok; 2. Langka guru sing mulangé; 3. Nganggep basa Indramayu beli penting.

Kaitané karo alesan nomer loro, Supali ngungkapaken yén perkara iku dadi ana, sebab durung ana universitas, sekolah tinggi, utawa akademi sing mbuka program studi basa Indramayu. Akibaté, langka sing gelem mulang basa Indramayu, lan yén ana guru sing mulangaken uga lulusan program studi séjéné.

Sementara iku, kanggo nglestariaken anané basa Dermayu, Supali Kasim nyebutaken yén basa Dermayu perlu digunakaken dudu sekedar minangka alat komunikasi ning masyarakat, tapi uga kudu dadi basa ilmiah ning dialek sosial. Supali nambahaken yén perluné ningkataken anggaran Pemkab Indramayu kanggo gawé acara semacem penataran/diklat/lokakarya basa Dermayu. Ning kasempatan iku Supali Kasim uga ngajak sekabéh pemélon lan masyarakat Indramayu kanggo bareng-bareng ngangkat lan njaga basa Dermayu.

Samentara kuwen, H. Dedi Wahidi ning makalahé ngingetaken masyarakat Indramayu ning pentingé nandur pakarti liwat wulangan basa Jawa. Miturut Dedi, budi pekerti diperlokaken pisan ning kauripan bangsa lan negara. Perkara iku diperlokaken sebab bangsa Indonesia duwé watek budaya wétan sing dijunjung duwur. Séjéné iku, ning jero pamréntahan mengarep dibutuhaken pemimpin lan penyelenggara pamréntahan sing kuat, duwé iman, takwa, cerdas, terampil, lan duwé pribadi sing bagus utawa duwé pakarti sing luhur.

Miturut Dedi, wulangan bahasa Jawa-Dermayu ngrupakaken salah sawijiné upaya naggo nadur pakarti, kerna nduwéni kekhasan. Salah sawijiné guru kudu

ngupaih keteladanan ning pirang-pirang perkara sing dipelajari kerna secara khusus basa Jawa-Dermayu ngrupakaken pelajaran penanaman nilai budaya.

Kaitané karo perkara iku, jaré Dedi, Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat uga kudu ngupaih bantuan buku bahasa Jawa-Dermayu kanggo SD, SMP, SMP, lan SMK ning Indramayu. Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat uga kudu kerja bareng karo Balai Bahasa Jawa Barat ning sajeroné pelestarian basa Dermayu. Perkara iku pas karo amanat Undang-Undang Nomor 24 Tahun 2009 Pasal 42 Ayat 1, yén pamréntah daérah wajib ngembangaken, mbina, lan nglindungi basa lan sastra daerah supaya tetep duwé kedudukan lan fungsiné ning kauripan masyarakat sing pas karo ngeembange zaman lan supaya tetep dadi bagian sing sugihé budaya Indonesia.

H. Dedi Wahidi uga ngingetaken maning masyarakat Indramayu sing kaitané karo tujuan pendidikan nasional miturut Undang-Undang Nomor 20 Tahun 2003 tentang Sistem Pendidikan Nasional. Ning Bab II Pasal 3, disebutaken yén fungsi pendidikan yaiku ngembangaken kemampuan lan gawé watek, sarta peradaban bangsa sing duwé martabat kanggo gawé cerdas uripé bangsa. Sementara iku, tujuan pendidikan yaiku kanggo ngembangkan bakat lan minat siswa supaya dadi manusa sing duwé iman lan takwa marang Gusti Allah, duwé akhlak mulia, sehat, duwé élmu, pinter, kreatif, mandiri, lan dadi warga negara sing demokratis, sarta duwé tanggung jawab.

Devyanti Asmalasari, M.Pd., minangka ketua panitia nyebutaken, yén kegiatan "Peningkatan Sikap Positif Masyarakat Indramayu terhadap Bahasa Indonesia dan Bahasa Daerah" olih antusiasme sing luar biasa sing masyarakat Indramayu. Perkara kuwen dideleng sing pamelon sing teka, sing ngluwihi jumblah yang diulemi. Miturut Devyanti, kegiatan iki duwé tujuan kanggo nyukulaken sikap positif masyarakat Indramayu meng basa Indonesia lan basa daérah ning sajeroné mantapaken watek bangsa. Devyanti nambahaken yén basa Indonesia, basa daérah, lan basa asing kudu olih digunakaken sing pas karo bagian-bagiané sing harmonis.

Balai Bahasa Jawa Barat arep terus ngupayakaken kanggo ningkataken sikap positif basa masyarakat, khusé sing ana ning Jawa Barat. Séjéné ning Indramayu, Balai Bahasa Jawa Barat uga nglaksanakaken kegiatan sing pada ning Cirebon. Perkara iku perlu dilakokaken kerna kita-kita beli bisa ngejoraken kenyataan nganggo basa sing akéhé nganggo basa asing. Jati diri kita-kita sarta bangsa lan negara iki kita-kita déwék sing nentokaken. Salah sawijiné sing nentokaken jati diri kita-kita yaiku basa kita-kita, yaitu basa Indonesia. Kita-kita kudu bisa nyontoh negara-negara séjén sing ngutamakaken nganggo basa negara déwék-déwék ning ruang publik, contohé ning Jepang, Korea Selatan, Cina, lan Arab Saudi.

Peraturane wis ana, kari sikap positif nganggo basa sing masyarakat kita-kita sing kudu dibérési lan ditingkataken. Sewaktu sekiyen iki perlu revolusi mental masyarakat ning bidang kebasaan kerna kayané demené masyarakat kita-kita meng basa déwék pancén masih kurang. Kita-kita pasti masih inget petikan ukara janji paling akhir sing tekad sing disuarakaken déning putra dan putri Indonesia liwat sawijiné sumpah sing dikenal karo "Sumpah Pemuda" tanggal 28 Oktober 1928: *Kami Putra dan Putri Indonesia Menjunjung Bahasa Persatuan, Bahasa Indonesia.* Kedadén iku ngrupakaken sawijiné peristiwa monumental sing mbangkitaken persatuan lan kesatuan bangsa Indonesia ngrebut kemerdékaan.

Ning taun 2015, Balai Bahasa Jawa Barat wis gawé acara "Lokakarya Penggunaaan Bahasa di Ruang Publik" karo gulemi para pemangku kepentingan sing ana ning pimpinan pemda kota lan kabupatén sing ana ning Jawa Barat, wakil sing dinas sing duwé kaitan, lan wakil sing duwé hotél, pengembang perumahan, pemilik mal, gerai, pemilik rumah makan/tempat kuliner, pemilik tempat perbelanjaan, pemilik tempat wisata, penerbit, insan media massa, biro iklan, pengusaha, lan asosiasi pengusaha.

Maksud lan tujuan anané lokakarya kuwen yaiku kanggo ningkataken demené masyarakat meng basa Indonesia lan olih kawasan tertib basa minangka contoh kawasan kanggo mulang basa. Lokakarya kuwen ngasilaken loro putusan lan wolu rekomendasi. Putusan kaping-siji "yén basa Indonesia iku jati diri, kebanggaan, lan pemersatu bangsa. Sementara iku, situasi kebasaan ning ruang publik wis ngléwati wates sing wajar sing duwé pengaruh ning pendidikan anak bangsa. Mulané, usaha gawé martabat ning basa Indonesia ning ruang publik ngrupakaken kewajiban saben lémen bangsa, yaiku pamréntah uga pengusaha".

Sementara iku, rekomendasi sing kegiatan lokakarya iku ning antarané, pamréntah kota/kabupaten lan pihak swasta perlu nglakokaken penertiban penggunaan basa ning ruang publik ning wilayah déwék-déwék. Penertiban basa ning ruang publik luwih diutamakaken dilakokaken liwat aksi penyadaran lan pendampingan dening pemangku kepentingan. Terus, pamréntah perlu ngupai penghargaan meng pelaku usaha, tokoh, lan media sing wis nunjukaken sikap sing bagus nganggo basa Indonesia kanggo nyiptakaken semangat sing duwé daya saing sing séhat lan duwé sambung-sinambung. Hasil lan rekomendasi sing lokakarya iki uga wis dimasyarakataken ning pirang-pirang daérah ning Jawa Barat.

Muga-muga penggunaan basa Indonesia ning masyarakat sayah bagus lan kita-kita terus-terusan inget nganggo basa Indonesia secara bagus lan bener, apa baé mediané. Kita-kita ngarepaken masyarakat luwih ngutamakaken penggunaan basa Indonesia lan dudu basa asing sing "didéwakaken", saéngga basa Indonesia dadi 'tuan rumah' ning negri déwék.

**Penulis, Peneliti ning Balai Bahasa Jawa Barat.*

# NGURIP-NGURIPI SENI-BUDAYA ISLAM WONTENAKEN FESTIVAL MUHARROM

déning ABDUL AZIZ HM. EL-BASYRO[1)]

"Kula kuh, wirang bli kejagan kalih Gusti Pengeran.
Keranten, taun anyar Masehi dirameaken,
Nanging, taun anyar Islam sepi-sepi mawon!".
( Pak Asep Ruchyat, KASI Kebudayaan Disporabudpar Indramayu )

Arah mekaten, pak Asep kalih kula rembugan teng gedong bekase Dewan Kesenian Indramayu wontenaken Festival Muharrom, ingkang didukung kalih Mahasiswa – mahasiswi IKA DARMA AYU Bandung. Napak tilas rame-rameaken muharrom utawa taun anyar Islam miturut DR. Amin Abdullah (alm.) mantan Rektor UIN Sunan Kalijaga Yogyakarta Wonten kalih perkawis, yaniku : 1) Historisitas utawa sejarah jaman sengien lan 2) Normatifitas utawa norma/aturan sosial-keagamaan. Bedar 1) Historis utawa sejarah Islam. Wulan Muharrom ngrupiaken babak awwal bangkitipun lan jayanipun Islam teng peristiwa Hijrah utawa pindah kanjeng Nabi Muhammad SAW. Saking Makkah ingkang kesebat kaum Muhajirin dumugi Madinah ingkang kasebat kaum Anshor.

Lan Hijrah miturut Normatif utawa sosial masyarakatan yaniku hijrah saking kondisi utawa keadaan ireng-blegedeg ( gelap-gulita ) dumugi padang linglang utawa terang benderang. Awwal taun Muharrom ngrupiaken gantos catatan buku supados luwih Sae catatan kebagusane. Miturut kalender jawi kasebat setunggal syuro biasane Masyarakat Yogyakarta rame-rameaken klawan sukur segara wontenaken Prosesi nglarung kembang pitung werna lan sanese teng segara. Hubungane kalih Festival Muharrom , pak Asep wirang utawa isin kalih rerame taun anyar masehi ingkang dirame-rame gantosipun taun klawan bledogan ( waos: petasan ) lan ngempos trompet teng alun-alun pendopo dermayu. Kula seneng bli kejagan utawa bagja kumayangan lan kula usul Wontenaken lomba Kaligrafi Arab utawa Khot. Kesebat kaligrafi Arab sebab Wonten kaligrafi jawa sansekerta teng seratan naskah kuna lan kaligrafi Cina teng acara IMLEK. Acaranipun digelar teng mesigit ageng lan enggal utawa anyar Islamic Center Syekh Abdul Manan ingkang wujud bangunanipun kados mesigit Madinah al-Mnawwaroh.

Uga wonten lomba Hadroh utawa Marawis adu kesaenan lagu ingkang enak teng kuping, kostum utawa klambi sae , seragam lan variasi gerakan grup Marawis. Kula angsal tugas dados juri Kaligrafi kalih rencang waktos mondok teng Babakan Ciwaringin Cirebon, kang Fauzy teng bilik az-Ziyadah kiyai Asnawi lan kula teng bilik al-Ghazali Bopenpora. Juri kaping tiga yaniku ustadz Jawahir. Jenis lomba kaligrafi yaniku Dekorasi kados jenis ingkang dilombaaken teng MTQ-MTQ. Alhamdulillah , respon utawa tanggepan masyarakat muslim dermayu sae sanget. Peserta lomba Kaligrafi wonten 48 peserta. Ukuran peserta awit umur 16 tekang 35 taun. Dados wonten peserta alit utawa cilik diadu kalih peserta Dewasa lan katah ingkang sampun pengalaman. Saking griane sampun nyiapaken mal utawa hiasan ornamen lan dogosok kalih minyak supados jiplak waktose luwih longgar lan ngudak maksimal aggarapanipun kaligrafi. Wiraos seni lan budaya Islam masih katah seni lan budaya ingkang adiluhug mboten dirame-rame. Kados lomba pencak Silat Pagar Nusa ingkang umume diwontenaken teng pesantren kalih Bola geni saking kelapa direndem lenga lantung supados genie awet diengge bal-balan. Dianjuraken tirakat utawa puasa tujuane mboten kebakar kulite lan berkah utawa tambah kesaenane bertambah. Kula ngarepaken bilih lomba ingkang dados bagian saking Festival Muharrom ajeg tiap taun diwontenaken. Ingkang digagas lan diusulaken dumateng mama Asep Budpar dievaluasi menawi lomba kaligrafi kedah wonten koordinasi lan panitia. Uga masalah penjurian sampun disiapaken seminggu sederenge lomba kaligrafi dirame-rame. Indramayu kedah bangga sebab maestro Kaligrafi pernah juara teng ajang kaligrafi ASEAN tempate teng Brunaidarussalam wonten teng dermayu.

Selerese lomba kaligrafi tuan grianipun nggih punika KEMENAG utawa Kementrian Agama Islam. Nanging kadose dawu sewates/mung seremoni utawa gebyar-gebyar mboten wonten bekase lan langgeng. Mugi dadosaken inspirasi dumetaeng pemegang kebijakan tiang sepuh Indramayu. Kaleresan taun 2018 niki katah ulang taun enggal/anyar. Agustus kepungkur, agenda rutin lan heroik yaniku 17-an ngrameaken jagat Kemerdekaan Republik Indonesia. HUT RI ingkang kaping 73, Dirgahayu RI, NKRI harga pejah/mati. Ulang taun Kabupaten Indramayu kaping 491 klawan katah agenda kegiatan yaniku Festival Prau-rauan, lomba Sugra Musik Festival teng gedong anyar Mama Sugra ngundang musisi Eropa Kolaborasi kalih musik daerah kados tembang Sintren didamel ngepop. Lomba busana utawa rasukan/klambi Batik Paoman lan lomba nyerat cerita cendek (CERDEK) utawa cerita cekak (pendek).

Pawai utawa karnaval utawa arak-arakan ngurip-

-ngurip taun anyar Islam Klawan pawai ta'aruf obor geni saking pesantren Raudlatut Tholibien (RAUTHO) 2017 muter teng peken/pasar lan alhamdulillah lomba pawai obor pesantren RAUTHO angsal juara setunggal ( I ) se-desa Singajaya. Taun 2018 taun niki pesantren wontenaken acara istighosah utawa dedonga bebarengan nyambut Muharrom. Bilih studi banding kalih ulang taun Cirebon beda sanget. Sebab Cirebon Ingkang angsal gelar kota Wali ngrupiaken wilayah III ingkang dibagi gangsal yaniku: Kota Cirebon, Kabupaten Cirebon lan Kodya Cirebon ditambah Indramayu, Kuningan lan Majalengka. Bilih Cirebon netepaken dinten dadose Kotanipun tanggal 1 Muharrom ngepasi taun anyar Islam. Indramayu ingkang Kasebat kota Mangga dinten dadosipun tanggal 7 Oktober. Mugi angsal keberkahan saking gusti Allah. Amin .

1) Penyerat: Alumnus IAIN (saniki UIN) Sunan Kalijaga Yogyakarta. Ketua Komite sastra Dewan Kesenian Indramayu lan pemerhati masalah soaial-budaya. a_abdul1418@yahoo.co.id.uga Guru PAI lan Budi Pekerti SMA NU Indramayu.

# BASA "SLANG" CIREBON

déning NURDIN M. NOER
Ketua Lembaga Basa lan Sastra Cerbon (LBSC)

Basa slang (walikan) seleresé sampun dipraktikaken déning masyarakat Cirebon, yaniku kanggé basa "perjuangan" nalika ngadepi gerombolan DI/TII (Darul Islam/Tentara Islam Indonesia) teng Jawi Kilen sekubengan Gunung Ciremai lan Garut. Fungsinipun kanggé béntenaken pundi "tiyang republik" lan pundi "tiyangé Kartosoewirjo" (DI/TII).

Basa "walikan" (slang) ngrupiyaken basa "dalan-an" lan asring disebut basanipun kalangan maling, bramocorah utawi bergajulan. Tudingan miring wau amargi basa "slang" boten anggadahi aturan utawi frase ingkang standar. Lan dilakukaken kelayan "kompromi" antawis réncang-réncang seperjuangan. Basa puniki umumé yuswanipun langkung cekak tinimbang basa baku ingkang digunemaken sedinten-dinten.

Kawentuk saking guneman ingkang kreatif, kacer-dasan lan kebek sareng simbul-simbul. "Slang" lingsir (cenderung, pen) saking subkultur masyarakat. Eksprési gaul srawungan (gaul, pen) asring mujudaken sikap lan aji saking anggota kelompok. Sareng mekoten piyambeké saged medalaken rasa jatidiri kelompok lan saged nyampékaken dumateng pemireng informasi perkawis alesan pramuwicara.

**Basa "walikan" gaya Cerbon, biyasanipun diawiti kelayan huruf gesang (huruf hidu) lawan saking "a, i, u, é, o" (vokal).** Contohipun :

c**ide ; bocah, anak**
**daik ;** adi
**ngak;** kakamg
**malwut ;** orang tua (orangtua)
**wut engkal ;** ayah
**wut ndaw :** ibu
**yas ;** saya, kula
**ris ;** sira, sampéyan, panjenengan
**ndaw :** wadon
**ndrang ;** rangda
**ngkal :** lanang
**creb ;** cerbon
**dabung ;** bandung
**njrak ;** Jakarta
**selud ; sedulur** (saudara)
**maltrem ;** mertuwa
**sedép ;** sepéda, pit
**to-or ;** motor
**bo-il ;** mubil

**Contoh ukara, "Wingi yas nembé baé sing njrak, nemoni selud".**
**"Kemarin baru saja saya dari Jakarta, menemui saudara."**

Basa "slang" saged uga ditingal saking gambaran fisik (awak), kadosdéné "égrang" ingkang gambaraken tiyang ingkang jangkung utawi "doglong". Mekoten uga sareng fisik péndék dijuluki sareng "cindek". Contoh simbul-simbul basa "slang" ingkang gambaraken fisik.

**pung :** pulisi
**sentar :** tentara
**degleng ;** tiyang ingkang boten waras
**pao;** bisu, gagu, bodoh
**malcéb ;** tukang bécak.
**mal-lig ;** wong édan

Basa "slang" utawi saniki asring disebat "basa alay" boten saged dienggé kanggé basa resmi, kadosdéné nyerat karya kaélmuwan, sastra, pidato, guneman sareng tiyang ingkang langkung inggil yuswanipun utawi derajatipun.***

# TEMBUNG ”TUKANG” TENG BASA CERBON

déning NURDIN M. NOER
*Ketua Lembaga Basa lan Sastra Cerbon (LBSC)*



Tembung “tukang” teng basa Indonesia, Cerbon utawi Sunda sanatyasa dipautaken sareng pedamelan (pegawéyan). Awit “tukang watu” ingkang ngrupiyaken asal-usulé tembung wau nganti sedanten pedamelan ingkang dipun damel teng sawiji tiyang disebuté “tukang”. Kadosdéné tukang becak, tukang nyolong (maling), tukang jait, tukang roti, tukang dagang, tukang demenan lan tukang-tukang sanésé. Kadosé sampun lumrah tembung punika dados “pangkat” utawi ater-ater kanggé sawiji pedamelan.

“Tukang” seleresé ngrupiyaken sawiji tembung kriya ingkang nunjukaken pedamelan amargi kabiyasan, kadosdéné “tukang watu” utawi “tukang kayu”. Tembung “tukang” teng riki jelas nunjukaken pedamelan khas (spesifik) kanggé tiyang-tiyang “cumphi” (tartamtu) ingkang pedamelanipun wonten teng sekubengan ketrampilan wau lan jumlahipun kewates.. Mung mawon kanggé wayah saniki penganggéyan tembung “tukang” dados melar lan “bias”, saéngga sedanten pedamelan saged disebut “tukang”.

Mangga dititéni ukara niki,”Kadir saniki dados “tukang watu.” (tukang watu niku ngrupiyaken sawiji ketrampilan kang digadahi Kadir). Bandingaken sareng ukara,”Kadir saniki dados “tukang demenan.” (tukang demenan ditegesi kelayan “kiyeng” demenan utawi pacaran). Utawi,”Si Kadir sih tukang gulet….” Tembung “tukang gulet” sanés nunjukaken “pegulat” professional, nanging nakal ingkang kiyeng damel rusuh.

Nah, seleresé teng basa Cerbon ingkang mbok biyungé saking Sansekerta, tembung “tukang” gadahi wasta piyambek-piyambek kang sifatipun mandiri, boten digandéng sareng ukara pedamelan. Tembung “tukang” pancén asal-usulé saking basa sansekerta lan diserep teng basa Cerbon. Mangga dititéni tembung teng andhap puniki :

**tukang :** tukang

**anjun :** tukang damel gerabah

**besalèn** : béngkél, tukang wesi

**blandhong** : tukang nebang kayu (kajeng)

**citrakara** , **sungging** : tukang lukis

**dhodhos :** tukang dodos, tukang ingkang biyasa mendet woh kelapa sawit

**empu :** tukang damel keris

**gusali :** pandé wesi

**jagal :** tukang motong (nyembeléh) kéwan ternak.

**jongos :** tukang masak

**juru :** tukang

**kundhi :** tukang damel gerobag

**mandhung ;** (tukang) maling

**mindring :** tukang kridit barang umahan

**sayang :** tukang tembaga

Tembung-tembung teng inggil wau, nunjukaken yén tembung “tukang” diserep saking basa Indonesia lan disamaratakaken dados tembung kriya kang mengeraken “pedamelan”. Sanajan tembung-tembung wau sampun nggadahi wasta piyambek-piyambek saking basa Cerbon. Mekoten uga ngrupiyaken salah kaprah teng pangucapan basa Indonesia. Dados boten sedanten kebiayasan pedamelan kang ditekuni sawiji tiyang disebat “tukang”.***




# YONGAN, MUNGBAÉ, TENIMBANG, MULANÉ

déning SUPALI KASIM

Ning sor wit asem, Bocah Gemblung ndodok mbari mangan boléd. Mésam-mésem déwék, cekikikan déwék. Kadang-kadag jumpalikan déwék. Bocah Gemblung ngitung duwit-duwitan. Terus diawur-awuraken. Wong-wong pada liwat. Ana sing arep mangkat sawah, mangkat pasar, mangkat segara, magkat kantor. Bocah Gemblung nggeguyu wong-wong liwat. Tapi, wong-wong sing liwat, mung mandeg sedélat, terus mlaku maning. Keburu-buru. Bocah Gemblung tawur duwi-duwitan. Surak duwit-duwitan.

"Horéé! Duwit, duwit, duwit! Horéé! Duwit, duwit, duwit!" kocapé Bocah Gemblung bari surak duwit.

Wong-wong liwat pada nylinguk, tapi akiré beli ngladéni. Lanjut mlaku maning. Bocah Gemblung surak maning. Bocah Gemblung mupuli duwit sing ditawuraken. Siji-siji dikumpulaken maning. Tapi déwéké kagét. "Lha!! Kenangapa kiyen duwité palsu kabéh? Endi duwité réang? Endi duwité réang?! Kiyen mah duwit-duwitan! Duwit palsu! Duwit palsu!"

Ana wong liwat. Wong Tani, yaiku wong arep mangkat sawah. Mareki ning Bocah Gemblung. Teka maning wong, kayané nelayan sing arep mangkat segara. Terus, teka maning, wong arep mangkat pasar. Ana maning wong arep mangkat kantor, mareki.

"Ana apa, Nang? Kenangapa, Nang?" takoné wong-wong iku.

Bocah Gemblung nangis jejeritan, “Endi duwité réang? Kiyen mah duwit-duwitan! Duwit palsu! Duwit palsu! Sampéyan palsu kabéh, ya?!”

Wong-wong pada kagét. Nginggati. Ngadohi. Mlaku maning ngadohi.

Bocah Gemblung tangi, terus mlayu-mlayu bari ngomong ngacapara, “Horé! Horé! Ana duwit palsu! Ana wong palsu! Ana pegawean palsu! Ana pangkat palsu!”

“Waaahhhh, dasar bocah gemblung!!!” kocapé wong-wong mau ning jero ngati.

Sampé teka ning pasar, Bocah Gemblung akiré kepegelen. Ndodok ning sor wit baujan. Suara sayah ramé yongan akéh wong dagang lan akéh wong tuku. Ana wong loro lagi mbagiaken surat, yaiku Rastim lan Rasman, cucuké calon kuwu nomer papat.

“Bi Sartem, Bi Sartem! Aja klalén ya?” jaré Rastim nyapa bi Sartem, wong dagang pindang.

“Aja klalén apa?!” jawabé bi Sartem.

Rasman sing njawab, “Kih, suraté! Kih Gambaré! Aja klalén ya nyoblos gambar nomer papat!

Bi Sartem langsung ndelak, “Éngklopé endi?!”

“Apa? Éngklop? Amplop konon! Amplop! Masalah amplop gampang!” jawabé Rasman.

“Aja gampang-gampangé baé, endi éngklopé?!”

“Sssssst! Sssssst! Aja anténg-anténg! Aja seru-seru! Bokat ana cecek liwat!”

“Cecek mah meneng baé! Beli bisa ngomong! Méné gagé!!! Éngklop! Éngklop!”

“Sssst!!! dudu cecek, Bi, maksudé ... maksudé...,” bisike Rastim mbari ngulungaken amplop ning Bi Sartem sing mésemé sumringah pisan.

Ujug-ujug Bocah Gemblung liwat. Mlayu-mlayu lan jejingkarakan ning adepan. “Horé! Horé!Duwité palsu kabéh! Duwité palsu kabéh!

Bi Sartem mencilak, “Wah, dasar bocah gemblung!Ora ngerti duwit!”

Rastim lan Rasman mung mésem kecut. Lanjut maning nekani wong adol srabi, Bi Karsih. “Aja klalén! Minggu maning Pilihan Kuwu. Lotré Kuwu! Cocogan Kuwu! Aja klalén nyoblos gambar Nomer Papat! Supaya pembangunan tambah ningkat! Gawé makmur ning rayat! Désa kita munggah drajat! Désa kita .....”

Bi Karsih gagé baé nyela, “Wis, wis! Aja akéh omong! Aja akéh cangkem! Sing penting endi duwité?!”

“Maksudé, amplopé??!” takoné Rastim.

“Kita sih ora butuh éngklop! Ora éngklop-éngklopan maning! Los, jokoten engklopé! Méné duwité!”

Bocah Gemblung teka maning, jejingkrakan maning, “Horé! Duwité palsu kabéh! Duwité palsu kabéh!”

Langka sing ngladéni, langka sing ndelengaken. Senajan Bocah Gemblung jejeritan. Jagat sayah awan sayah panas. Kringet Rastim lan Raman pating gremojos. Tapi langkahé tetep diterusaken. Suwé-suwé kupingé ngrasa rada kagét. Akéh wong pada ngrubung. Ana wong lagi pidato cuwakwakan, yaiku Jurkam Nomer-3.

“Sedulur-sedulur kabéh. Awas, pilihan kita iku Nomer Telu. Nomer pira?! Nomer Telu, kanggo milih kuwu! Pilihané wong sing pikirane maju! Pilihané wong sing duwé mutu! Pilihané bapa-bapa ibu-ibu! Pilihané kakang-kakang yayu-yayu!” jare Jurkam iku.

Terus ana acara bagi-bagi amplop. Wong-wong pada rebutan. “Woi!!!, aja rebutan. Woi, aja rebutan! Kabéh kebagian, woi!” jare jurkam maning.

Ning sebrang kidul ana pidato maning, yaiku sing Jurkam Nomer-1. Rastim lan Rasman mélu ingak-ingok ning kono.

Jare Jurkam Nomer-1, “Pilih Nomer Siji! Sing dadi kuwu tetep Siji! Sing dadi kuwu tetep Siji! Aja watir, aja bingbang! Aja silo, aja saru! Aja watir, aja melang! Kuwu iku mung siji! Kuwu iku mung Nomer Siji!”

Pada baé, ana bagi-bagi amplop maning. Wong-wong pada rebutan maning. Eh, ning pojok lor ana maning Jurkam Nomer-2 lagi pidato maning. Terus bagi-bagi amplop. Wong-wong pada rebutan.

“Aja nengen, aja ngiwé! Aja ngalor, aja ngidul! Aja ngétan, aja ngulon! Aja luruh duwit, aja luruh amplop! Tetep Nomor Loro iku pilihané!”

Srengéngé tambah panas. Tapi beli sepanas ati Rastim lan Rasman. Krasa ning jero batiné trélép-trélép. “Kaya-kaya caloné réang kih, kalah,” kocapé Rastim lemes-dedes ning sor baujan ndodok ngleprok.

“Lhaaaa, kenangapa kalah? Durung tarung, durung cocogan jéh!?” jaré Rasman.

“Sira mau ndeleng beli? Calon Kuwu Nomer Telu mbagi amplopé pira, coba? Séket éwuan! Calon Kuwu Nomer Loro mbaginé satus éwuan! Calon Kuwu Nomer Siji mbaginé rong atus éwuan. Lhaaaa caloné kita, pira coba??!”

“Rong puluh éwuan. Rong puluh éwu pérak kanggo wong siji!”

“Ya, iku! Rong puluh éwu nglawan séket éwu?! Nglawan satus éwu?! Nglawan rongatus éwu?!”

“Iya, ya. Dipikir-pikir sih, beli nglawan. Angél! Angél!”

“Ya, iku. Arep menangé mamba mendi? Rong puluh éwu nglawan séket éwu?! Rong puluh éwu nglawan satus éwu?! Rong puluh éwu nglawan rongatus éwu?!”

“Iya, ya. Malah mau ana sing ngomong, kenangapa jéh, mung ngupainé rong puluh éwu?! Beli duwé duwit tah?! Baka beli duwé duwit, aja nyalon maning, jéh!”

Rupane beli adoh sing kono, yaiku ning sor wit asem Bocah Gemblung turu, terus nglindur. “Aaaaah... duwit.... duwit.... Duwit-duwitan.....”

Beli peduli ning Bocah Gemblung, Rastim ngomong maning, “Ana maning sing ngomong, waktu réang mbagi-bagi amplop. Ngomongé mengkénén, éh, Mas. Weruh beli sekiyen kuh zaman alumunium.., éh salah... zaman milenium. Masa mung rong puluh éwu pérak.”

“Angél sirah! Angél! Malah mauné caloné kita kuh beli arep ngupai duwit! Beli arep bagi-bagi duwit! Yongan jaré déwéké, sing aranè pilihan kuwu iku kudu pilihan sing murni, jéh. Yongan pilihan kuwu iku kudu pilihan sing pas karo ati nurani, jéh. Mungbaé ...,” jawabé Rasman.

“Mungbaé, kita-kita ndesek kan? Para pendukung usul 'kan? Masa sih pilihan murni? Ya mangsa dadia! Akéh buktiné, calon sing beli tawur duwit, ya beli kepilih!”

“Iya, akiré calon kita, nuruti. Calon kita setuju usul kita-kita. Tenimbang ....”

“Tenimbang beli dadi, ya kudu dadi. Tenimbang kalah, ya kudu menang. Akiré bagi-bagi amplop. Sayang pisan isi amplop mung rong puluh éwu pérak. Mulané ....”

“Mulané kita sing bagi-bagi amplop, diomong blénak ning wong-wong!”

“Mulané kita kurang semanget!”

“Yongan, pilihan kuwu iku kudu pilihan sing murni. Mungbaé, masyarakat takone amplop baé. Tenimbang kalah, ya bagi-bagi amplop. Mulané, dadi kaya kénén!”

“Yongan, pilihan kuwu iku kudu bébas sing sogok-sogokan. Mungbaé, wis biasa ana sogok-sogokan. Tenimbang kalah, ya wis sogok-sogokan baé. Mulané, dadi budaya sogok-sogokan!”

Ning sor wit asem Bocah Gemblung katon masih turu, terus nglindur maning, “Aaaaah... duwit.... duwit.... Duwit-duwitan.....”

Sing kadohan ana rombongan lagi mlaku. Sayah parek sayah teka. Ketua Panitia Pilwu lan Hansip loro lagi diwawancarai para wartawan.

Wartawan-1 ngomong, “Masa sih langka money politic, Pa Ketua?”

Wartawan-2 nambahi, “Iya tah, langka money politic kuh?”

“Apa jaré Pa Ketua, yén ana?” jaré Wartawan-3.

Wartawan-4 melu takon, “Yén ana money politic, kepriwén jaré Pa Ketua?

Akiré Ketua Pilwu njawab, “Aja ngomongé yén, yén, yén. Kita sekabéh aja suudzon. Aja prasangka sing ora-ora. Aja nduga sing beli-beli. Delengen, démokrasi ning tingkat désa wis pas karo aturan. Wis cocog karo sing dicita-aken bangsa sekabéh. Para calon kuwu bisa kampanyé kelawan aman. Nyebaraken program-programé kanggo kemajuan désa, kanggo makmuré masyarakat. Masyarakat wis bisa mbandingken program-program iku.”

“Apa masyarakat wis bisa milih kuwu, sing dasaré iku ndeleng program?”

“Apa masyarakat wis pada pinter lan dewasa tah, yaiku program-program calon kuwu bisa dibanding-bandingkan?”

“Apa milih kuwu, dasaré dudu kerna duwit, Pa Ketua?”

“Masyarakat milih kuwu kerna program utawa duwit, Pa Ketua?”

Ketua Pilwu njawab maning, “Lhaaa iki, wartawan gah kudu mélu cerdas, mélu dewasa. Masyarakat wis cerdas, wis déwasa. Milih kuwu dudu dasaré kerna duwit, tapi kerna programé sing bagus. Masyarakat sekiyen wis pada nolak duwit.”

“Tapi ana kabar, calon-calon kuwu pada bagi-bagu duwit. Gedé-gedéan.”

“Masyarakat ndelengé duwit, Pa Ketua.”

“Sing bakal kepilih kerna duwit, Pa Ketua.”

“Pa Ketua apa beli weruh para calon pada bagi-bagi amplop?”

“Lhaaa iki, wartawan beli kena nulis berita sing dasaré kabar sing ora-ora, desas-desus, gramang-gremeng. Sumberé kudu pasti. Wis dipastiaken, langka bagi-bagi amplop, langka bagi-bagi duwit, langka money politic ...,” jawabe ketua maning.

Ning sor wit asem, Bocah Gemblung nglindur maning, terus turu maning. “Aaaaah... duwit.... duwit.... Duwit-duwitan.....”

Ning adepan kantor camat ana mahasiswa telu lagi ngobrol karo Pejabat. Mahasiswa arep gawé skripsi sing kaitané karo Pilihan Kuwu. Mbari mlaku-mlaku, mandeg maning, mlaku-mlaku maning.

Pejabat njelasaken, “Démokrasi teng Indonesia sampun maju. Teng dusun-dusun sampun maju. Upami dibandingaken taun sewidakan, ya ... taun sewidakan, sampun tebih bandingané. Saniki masyarakat sampun cerdas milih calon. Boten kegémbang teng yatra, boten saru teng amplop, uga boten wonten ingkang naminé ancaman-ancaman.”

“Sampun saé, nggih Pa?”

“Sampun pas sareng aturan, nggih Pa?”

“Masyarakat, panitia, lan pamréntah sampun ngeklop, nggih Pa?”

Pejabat bari mesem njelasaken maning, “Nggih, mekoten! Niku hasil saking sosialisasi... sosialisasi ... saking pamréntah ingkang terus-terusan. Terus-terusan! Niku hasil panitia ingkang kerja wekel, bener-bener wekel. Siyang-daluh-enjing-sonten! Siyang-daluh-énjing-sonten! Terus-terusan! Niku kesadaran masyarakat ingkang sampun cerdas lan dewasa, ingkang mandeng program calon, niténi program calon. Siyang-daluh-énjing-sonten! Terus-terusan!”

“Ketingalé aman-aman mawon, nggih Pa?”

“Kepirengé lancar-lancar mawon, nggih Pa?”

“Kados-kadosé boten wonten gejolak masyarakat, nggih Pa?”

“Aman, lancar, boten wonten gejolak. Hé hé hé ... Ari, adé-adé mahasiswa kih, wonten penelitian punapa teng dusun puniki?” takoné Pejabat.

“Kanggé skripsi, Pa. Kula badé penelitian ditilik saking gejolak masyarakat teng pilihan kuwu, Pa.”

“Sami, kula gah kanggé skripsi. Ditingal sing money politic teng pilihan kuwu, Pa.”

“Sami kula gah, Pa, kanggé skripsi. Kula badé nliti kaitan sikap calon kuwu sareng fénomena bagi-bagi

amplop, Pa."

Pejabat rada kagét, "Wah, wah, wah... Adé-adé mahasiswa niki kados-kadosé salah tempat penelitian. Penelitiané perkawis gejolak masyarakat, money politic, lan bagi-bagi amplop, niku salah alamat. Teng dusun riki boten wonten gejolak masyarakat, boten wonten money politic, boten wonten bagi-bagi amplop ...."

Sing kadohan ramé suwara. Tambah ramé. Ribut. Sayah parek, katon gamblang, katon wélan. Akéh wong gradag-grudug. Akéh wartawan pada motrét. Masyarakat rebutan amplop, rebutan duwit. Ana sing séwot-séwot beli kebagian. Ana sing surak-surak olih kebagian akéh. Ana sing kerépotan bagi-bagi duwit. Ketua Pilwu clingak-clinguk kéder. Gojag-gajig beli karuan.

"Méné! Réang durung kebagian! Méné! Réang durung kebagian! Méné! Réang durung kebagian!"

"Masa mung seméné?! Ihhhh, ora arep tek pilih yén mung seméné, mah! Sing tek pilih, sing gedé! Masa mung seméné?! Ihhhh, ora arep tek pilih yén mung seméné, mah! Sing tek pilih, sing gedé! Masa mung seméné?! Ihhhh, ora arep tek pilih yén mung seméné, mah! Sing tek pilih, sing gedé!"

"Horéééééé! Horéééé! Olih amplop papat! Horéééééé! Horéééé! Olih amplop papat! Horéééééé! Horéééé! Olih amplop papat! Horéééééé! Horéééé! Olih amplop papat!"

Suwara-suwara saut-sautan, sayah ramé, sayah ribut. Antara ucapan Warga karo Timses nyampur dadi siji. Beli karuwan, beli jelas. Wartawan jeprat-jeprét moto sing ramé-ramé iku. Panitia Pilihan Kuwu tambah kéder. Rastim lan Rasman tambah mlongo ning sor wit baujan. Para watawan wawancara maning ning Ketua Pilihan Kuwu.

"Pa Ketua, kuwen 'kan ribut money politic? Pribén jaré Pa Ketua?"

"Bagi-bagi amplop, isiné duwit. Apa kuwen dudu money politic tah, Pa Ketua?"

"Tim Suksés Calon Kuwu bagi-bagi duwit. Warga pada njaluk duwit. Apa beli pengaruh ning pilihan kuwu, Pa Ketua?"

"Warga njaluk duwit, Tim Suksés njaluk pilihén calon. Pribén kuh, Pa Ketua?"

Akire Ketua Pilwu mung bisa garuk-garuk endas sing beli gatel.

"Apa jaré Pa Ketua?"

"Komentaré Pa Ketua?"

"Miturut Pa Ketua?"

"Apa tanggapan Pa Ketua?"

Ketua Pilwu kepaksa mbuka suwara, "Mmmm, anu, anu.... pilihan kuwu iki, mmm... anu ... anu ... kudu bébas money politic. Mmm... anu... anu... yongan... mungbaé .... tenimbang .... mulané ...."

Wong-wong ramé ngubengi panggung sing luwih duwur. Desek-desekan, sereg-seregan, sénggol-sénggolan. Ngenteni itungan suwara. Akire Ketua Pilwu maju ning adepan mik, "Sedulur-sedulur kabéh, aja pada ribut, aja pada tukaran. Sekiyen menenga sedélat. Rungokaken pengumuman! Pengumuman hasil pilihan kuwu sing dicoblos sedulur-sedulur kabéh. Sing kalah aja kecéwa! Sing menang aja jumawa! Sing kalah ana telu! Sing menang mung ana siji! Dadi yén kalah, masih akéh baturé! Sing kalah, kudu siap dirangkul! Sing menang, kudu siap ngrangkul!"

Suwara sing mauné ramé, dadi sepi-nganyep.

"Sauwis diitung, disakséni, ditliti maning, diitung maning, disakséni maning, ditliti maning....."

Wong-wong pada meneng. Mung suwara ngos-ngosan baé, ngénténi pengumuman.

"Sauwisé diitung, disakséni, ditliti maning, diitung maning, disakséni maning, ditliti maning..... Calon Kuwu Nomer Siji... olih suwara sangangatus sangangpuluh sanga! Calon Kuwu Nomer Sijiiiiiii... olih suwara ... sangangatus sangangpuluh sanga! Calon Kuwu Nomer Loroooo... olih suwara ... sangangatus sangangpuluh sanga! Calon Kuwu Nomer Telu ... olih suwara ... sangangatus sangangpuluh sanga! Calon Kuwu Nomer Papaaaaat ... olih suwara ... olih suwara ... olih suwara ... sangangatus sangangpuluh sanga!"

Warga jingkrak-jingkrak, "Horéééé! Bedu, bedu, bedu! Suwara pada kabeh! Horéééé! Bedu, bedu, bedu! Suwara pada kabéh! Horé! Bedu, bedu, bedu! Suwara pada kabéh! Horé! Bedu, bedu, bedu! Suwara pada kabéh!

Pejabat nerusaken, "Kerna suwarané pada kabéh, sangangatus sangangpuluh sanga kabéh! Dadi, wulan maning pilihan kuwu maning! Cocogan kuwu maning! Lotré kuwu maning!"

Jagat sepi dadi ramé. Terus sepi maning. Wong-wong pada bubar. Calon-calon kuwu pada balik, lemes-dedes. Tapi para cucuk ana mésemé, kadangé arep mbagi-bagi duwit maning. Katon runtah-runtah baé sing blaratan. Uga, kertas-kertas koran. Godong-godong garing. Kotak-kotak kayu. Bocah Gemblung ngumpulaken dadi siji.

Mbari nyengir, Bocah Gemblung jejeritan maning, "Wis ketemu kabeh duwité! Iki duwit beneran! Iki duwit beneran! Iki duwit beneran!"

*Jagat Dermayu, 2018*



**Crita Nyambung Sejarah Bab Cirebon**
**Episode Siji**

# PANGERAN WALANGSUNGSANG SABDA GURU

déning MUHAMMAD MUKHTAR ZAEDIN

Kocapa Sang Maha Prabu pinuju miyos sewaka ing wayah surya rumangsang, sampun alinggih ing dampar mas, sagunging para putra Santana atawa patih bupati mantri kempalan parawadya sadaya.

Sang prabu ngandika, "He putra ningwang Walangsungsang, sun tingali wojem semune priatin tan sami sajajare palinggi. Apa kang dadi songkalwatira? Mapan sira gadang dadi Prabu Anom Amengku Nagara, atawa putri kang sira karepi matura, mendi kang sira sadya? Aja sira kanggo priatin mawah pirbawa semuning kadaton!"

Ingkang putra nembah matur sarwi tumungkuling jangga, kumembeng waspanira, "Duh gusti, bendu dalem kang kasuhun, rikala wengi sukra, amba nyupena pinanggi tiyang jaler sajuga kang langkung becik, amejang agama Islam Sarengat Jeng Nabi Muhammad kang dadi utusan ning Yang Widi. Amung langkung sing cua ing manah, dereng rampung, amba angilir ing samangke kalangkung brangta ing agama Islam kemengan tan nana marganing guru."

Sang Prabu ngandika sarwi mesem, "Walangsungsang, sira wong enom. Poma aja ketulin. Sira kenang penaluwan, kenang kamemayan Muhammad kang angaku panutan kang dadi duta ning Widi, yaktine doro ngacapara. Reh kang satuhune panutan Yuwang Brama Yuwang Wisnu iku sayaktine agama dewa kang mulya Yuwang Jagatnata. Pangeran wong satri loka saking dingin, dala sahiki para leluhur tan karsa ngowahi."

Walangsungsang nembah matur, "Duh gusti, nuhun pangaksama, dalem sampun denda kang kasanggi. Reh amba langkung condhong sarengate Jeng Nabi Muhammad lan satuhune Pangeran kang sinembah anging Allah kang tan sakutu padane anyar."

Sang prabu garcita, "Reh kang putra tan mituhu, nyelimpang agamane, binendon ingkang putra, kenging tan manggen ing negara nuli kahusir."

Walangsungsang nadya suka ning galih, sigra pamit lengser saking ayunan, medal sampun ing jawi, lunta lampira manjing alas metu alas, munggah gunung turun gunung, terus mangetan.

Kocapa Ratu Mas Rarasantang lagiya kayungyun kadangira Walangsungsang, Rarasantang karuna siang kelawan daluh. Antawis kawan daluh, Rarasantang nyupena pinanggi tiyang jaler sajuga kang langkung becik tur merit gandane, amejang agama Islam kinen puruhita sarengat Jeng Nabi Muhammad lan cinempad benjang gadah laki ratu Islam lan duwe anak lanang waliyullah kang pinunjul. Rarasantang sigra angilir kemutan ing supenanira, lajeng medal saking datulaya pahilaran kang kadang Walangsungsang lunta lampahira.

Kocapa salabeting dalem puri, geger busekan, reh kang putri anglolos ical tampa karna. Kanjeng Ratu Subang Larang karuna anyungkemi Sang Prabu, reh putra kali ical. Sang prabu langkung kagiyat, sigra anibali saguning para putra, sentana, patih, bupati, para wadya, kinempelaken.

Ngandika sang prabu, "He patih Argatala, Dipatih Siput, sahiki wulatana putra ningwang. Dewi Rarasantang musnah saking keraton saha Walangsungsang katimbalan wangsul. Poma aja oro kagawa putra sakarone."

Kiyanpati Argatala matur, "Sandika."

Sigra medal ing jawi ngundaharaken sagunging para wadya ing Pajajaran geger busekan. Para wadya sinebar, Kiyanpati pahilaran metapan anut lampahing pandita. Dipati Siput pahilaran ing wanah anut lampahing sato. Para putra sami madukuwan, saweneh matapan. Utawi kang raraten prawadya nyebar soang-soangan. Sami ajrih tan wangsul yen dereng pikantuk karya.

Kocapa Pangeran Walangsuangsang sampun prapti ing sukuning ardi Marapi lagiya pitekur. Tan dangu praptanira sang Sangyang Danuwarsih prapta sampun ingayunan. Ngadika sang Danuwarsih, "He sapa sira putra, mendi lan apa kang sinedya?"

Ngandika Walangsungsang, "Walangsungsang kang anama, putra nata Pajajaran, kang miyos saking Ratu Subang Larang, kang sinedya puruhita agama Islam."

Ngandika Sang Danuwarsih, "Walangsungsang, becik sahiki miluaning si rama anang pucuk gunung Marapi, yakti katemu lawan jodonira."

Walangsungsang matur, "Sumangga."

Sigra sareng wangsul ing kayuwanganipun, prapti

sampun ing pucuk ing gunung Marapi.

Sangyang Danuwarsih ngandika, “He putranisun Nini Endang Ayu, sahiki gancang, gaweya sesuguh jodonira wis prapti.”

Nyimas Endang Ayu sampan gumelar wangunsesugon. Ingkang rama langkung suka renah ning galih. Sigra tinari, “He Walangsugsang, Endang Ayu sahiki sun kawinaken, manira wong loro dadiya sawiji. Reh tan wong liyan tunggal trahing Galuh.”

Kang putra sakalinya matur, “Sumangga.”

Sigra sampun kawin tetep jatukarmanipun rikala tahun babad 1300 (1386 M) kang yuswa Jeng Pangeran Walangsungsang 23 taun.

Kocapa Ratu Mas Rarasantang kang lagiya lelaku wonten ing ardi Tangkuban Prahu. Sang Rarasantang kalempowan soring Weraksa sarwi lulur suku-sukune pating pelepu sandangane rowek rombeng, karuna kang sinambat ingkang kadang. Sang Rarasantang lagiya karuna, tan dangu praptanira, Nyi Endang Sukati prapti, sampun ingarsa.

Nyi Endang Sukuti ngandika, “He bayi, sira sapa lan apa kang sira sadya, mulane anang kene nyalira tan ana rowang sajuga.”

Matur Sang Dewi Rarasantang, “Eyang, amba yaktos putri Pajajaran, kang miyos saking ibu Subang Larang, Rarasantang nami kula, kang sinadya sumusul maring kang kadang sepuh Walangsungsang. Nuhun pitulung eyang, mugia enggal pinanggih.”

Nyi Endang Suketi kewelasen, “Duh bayi, tampanana rasukan sang Dewa Mulya, wateke gelis wong lumaku kadiya angin lampahe, lan tan panas ing jero geni, ora teles ing jero banyu, rahayu saking baya.”

Sigra sampun rinasuk rasukan Dewa Mulya, kang putri matur kasuhun sinareng nuhun pituduh kadang kula ing pundi pernahipun.

Ngandika Nyi Endang Suketi, “Bayi, sira praptaha dingin ing Argaliwung pinanggiya Ajar Sakti ning kono olihe pituduh. Sigra Sang Dewi Rarasantang nembah pamit, kalaksanan sakedap sang putri prapta ing Argaliwung, sampun ing ngarsanira Ki Ajar Sakti anungkemi suku sarwi nuhun pituduh kadang kula ing pundi. Ki Ajar Sakti waspada ing tingal, uninga sadyane sang putri iki.

Ajar Sakti ngandika, “Bayi, kadangira Walangsungsang wis duwe garwa, Endang Ayu namane, putrane Sangyang Danuarsih, anang puncaking gunung Marapi. Becik sira susulen, isun maringi jenengan Ratna Eling namanira. Besuk pinasti duwe putra lanang kang pinunjul sabuwana.”

Sang putri matur, “Kesuhun.”

Sigra nuhun pamit terus lampahira kang putra anjujug puncaking gunung Marapi. Pun sekarep sampun prapti

Kocapa Pangeran Walangsungsang kang lagiya pitekur ing arsanira Sang Danuarsih. Ngandika Sang Danuarsih, “He putraning wang, Walangsungsang tampanana lepen turunan saking Dipati Surtanata tunggal turunanira iku watake Ali-ali Ampal yen ketrawangaken weruh sahisining jagat bumi pitung langitpun katon. Lan sejerone Ali-ali Ampal amot segara gunung. Kena kanggo sakehing pasimpenan, kalaksanan kang sinedya. Amung agama Islam si rama ora bisa, mbesuk satalanjung maning sira weruh. Amung iki tampanane Aji-Aji atawa Kamemayan, Pangabaran, Pangasiyan.”

Walangsungsang matur kasuwun tinampanan sekehe paparinge kang rama. lagiya sami makumpalan, tan dangu praptanira Sang Dewi Rarasantang pinanggih rarangkulan kali kang kadang.

Agandika Walangsungsang sarwi karuna, “Duh bayi adingisun, bagja temen sira masi tinemu lan siraka. Apa mulane sira semusul, mapan seneng ing jero puri lan sira tinemu ning margane sapa?”

Sang Rarasantang matur sarwi karuna jalarannipun saking kawekasan dalahan mangko rampung denira imbal wacana. Tan dangu pinarekan dening Danuwarsih, ngandika, “He putri ningwang, iku baya wadon sapa rerengkulan tetangisan?”

Matur sang putri, “Jeng rama, yaktos kadang tunggal rama ibu, Rarasantang namine.”

Sigra Nyi Endang Ayu angrangkul maring yayi ipe, dupi antawis sacandra lamine, Ki Sangyang ngandika, “He putranisun kabeh...” Pada kumpula kang putra tititga sampun ing arsa. Sang Danuwarsi ngindika, “He Walangsungsang, Rarasantang, atawa Endang Ayu, sahiki becik geguruwa ing Sangyang Tanggo anang gunung Ciangkup. Menawa olih sihing guru.”

Kang putra mituhu dawuhe kang rama. Kang garwa atawa kang kadang sampun kalebetaken dateng Ali-ali Ampal. Sigra pamit lunta lampahira. Prapti sampun ing ardi Ciangkup pinanggi ing arsanira Sangyang Tanggo.

Ngandika Sangyang Tanggo, “He wong anom, bageya sapraptanira, apa kang sira sadya, asal putra endi, lan sapa namanira?”

Matur Sang Walangsungsang, “Asal putra nata ing Pajajaran, Walangsungsang namane, sadya puruhita agama Islam.”

Ngandika Sangyang Tanggo, “He Walangsungsang, ingwang tan weruh ing agama Islam. Besuk satelanjung maning sira olih. Amung si bapa maringi Ilmu Kadewan atawa Kapaliyasan, Karosan, Kategun, Pangerutan. Tampanana. Semono sih paparinge si bapa. Lan iki Golok Cabang pusaka para luluhur, tampanana. Iki golok bisa rarasan jalma lan bisa mabur, saha bisa metu geni sing katiban lebur, sanadyan dewa tan minadya, gunung gutur sagara asat.”

Walangsungsang matur kasuhun, punapa saking marmaning guru, antawis sawulan Walangsungsang wonteng ing ardi Ciangkup. Nuli Sangyang Tanggao ngandika, “Walangsungsang sira sahiki geguruwa ing Sangyang Naga ing gunung Kumbang.”

Walangsungsang mituhu dawuhing guru. Sigra pa-

mit lunta lampahira. Prapti sampun ing ardi Kumbang pinanggi kelawan Sangyang Naga. Walangsungsang mituhu dawuhing guru.

Ngandika Sangyang Naga, “He wong anom, sapa sira, asal putra endi, lan apa kang sira sadya?”

Matur Sang Walangsungsang, “Amba sadya puruhita agama Islam, Walangsungsang namane, putra nata Pajajaran.”

Ngandika Sangyang Naga, “He Walangsungsang, agama Islam durung ana. Besuk ing akhir sira kang duweni menawa satalanjung maning, amung si bapa bisa maringi ngilmu Kasantikan, Kaprawiran, Limunan, Aji Titimurti, Aji Dipa weruh sakehing omonge sato sagala.”

Walangsungsang sampun anampi sadaya, punapa si marmaning guru, ngandika Sangyang Naga, “Lan iki, pusaka kang warna tetelu kagunganing Dewata, ing sahiki olih wangsit, tampanana saking si paparing dewa Atopong Waring, yen ka agem ora katon ing sakehe. Badong Batok watek sinuyudan ing Sileman Siluman jin setan pada asih. Umbul-umbul Waring watek rahayu ing sanjata ning musuh lan ngapesaken saturune.” Tinampani sampun, Walangsungsang matur kasuhun sinimpen ing lepen Ampal Zimat kang warna tetiga.

Sangyang Naga ngandika, “Walangsungsang, sira sahiki geguruwa anang Gunung Cangak, ning kono olihe pituduh agama Islam. Nanging, akalana ratuning Bango dingin kang sampe kena antawis asih.” Walangsungsang matur pamit, sigra lunta anjujug gunung Cangak.

Kocapa kang anang Gunung Cangak ing Weraks agung, bango alimengan sakathahing paksi sadaya rubung. Walangsungsang aningali sakehing paksi langkung heran saha kemengan kang dadi retune. Sigra Walangsungsang ngagem Topong Waring saha wangun Kasakten Wadong kang hisi ulam deleg pinasang ing wiwitan mandiyang pangabaran. Sang nata bango sigra tumudun langkung ageng miwas saking rowange deleg kang sajeroning wadong nulya tinotol kebat. Walangsungsang nyandak janggane Sang Nata Bango sarwi ingungku lan Golok Cabang. Sang Nata Bango tulung-tulung jaluk urip, “He manusa, sira linuwih, uripena isun, mengko sira tak paringi pusaka warna tetelu; panjang, pendil, bareng.”

Sigra Sang Nata Bango inguculan nulya mabur sarwi mojar, “He manusa, susulen isun ing pucaking gunung iki, kang ana wiwitan ragas.”

Walangsungsang sigra semusul sang nata bango murca. Walangsungsang kemengan, tan dangu ilang sipating Weraksa kang ragas kahanan kadaton kang luwih indah. Walangsungsang lagiya mangu heran ningali wonten kadaton. Tan dangu wonten lare Bule kawandasa ngaturi sesugon sarwi ngacarani lenggah ing dampar mas. Walangsungsang lagiya eca lenggah miwah dadaharan. Tan dangu praptanira, Sang Pandita Linuhung jajar sampun lenggah.

Ngandika Walangsungsang, “He pandita, sapa sinten ingkang pinagih ingayunan andadosaken kagiyat ing manah?”

Ngandika Ki Pandita Sangyang Bango, “Nama kula kang wangun kayu wangan ing Ardi Cangak. Pardu ngaturaken ubaya wahu zimat pusaka kang warni tiga; panjang, pendil, bareng. Panjang watek tan ingesenana malih pinanggih pepek saniskarane sekul kuning, ulam, salalabe saha adem pribawa maring kawula wargane cukup sandang pangan. Pendil yen kineduk kehing kangge nedihe tiyang kali tigang nagara cukup tan kakurangan. Bareng watek medal toya banjir suarane ngederaken satru.”

Tinampan sampun zimat kang warni titiga. Walangsungsang matur kasuhun sinareng sarwi puruhita sawulan lamine, Walangsungsang nuhun pamit sadya pahilaran agama Islam Sarengat Jeng Nabi Muhammad.

Ki Pandita ngandika, “He putra, jujugen ing Gunung Jati, Seh Nurjati kang anama, terahan Makah kang lagi tapa turu. Inggih punika ingkang gadah agama Islam sarengat Jeng Nabi Muhammad.”

Walangsungsang langkung bingah, sigra pamit angungsi Gunung Jati. Prapta sampun ing arsanira Seh Nurjati. Kang garwa miwah kang rayi ing ngedalaken saking Ali-ali Ampal ginen sujud ngaturi pangabakti. Ki Seh sigra anglilir aningali tetamu tiga kathahe. Mesem denira angandika, “He wong anom tetiga ing arsa sarwi angaturi pangabakti. Apa sadyanira, lan asal ira saking endi, nama nira sapa?”

Ngandika Walangsungsang, “Amba sadya puruhita agama Islam sarengat Jeng Nabi Muhammad, sinareng pun adi Rarasantang tunggal rama ibu, putra nata Pajajaran. Dupi istri amba Endang Ayu namine, Putri ardi Marapi Sang Hyang Danuwarsih kang puputra. Walangsungsang inggih namine amba.”

Ngandika Seh Nurjati, “Apa mulane wong budalan putra ning ratu, seja Islam lan tinuduh saking sapa weruhing Gunung Jati.”

Walangsungsang matur, “Sayakti jalaren bada Islam saking dingin tumeke panutup nyaturaken du[g]ing asal.”

Ki Seh sigra nimbali, “Tiyang tetiga winejang Sahadat Kalimah Kali, salawat, lan dzikir. Zakat pitrah, munggah haji, puasa ing wulan Ramdhan, salat limang waktu, sinareng winulang Quran, kitab pikih, lan tasawup. Sampun sami tumandang sadaya punapa saking pekoning guru. Walangsungsang, Endang Ayu, Rarasantang sampun lami enggennipun puruhita langkunging suhud, tetep, mantep, mangetukaken maring guru. Ki Seh animbali Walangsungsang, “Sira sun paring nama Somadullah.” Antawis lami Ki Seh ngandika, “Somadullah, sahiki sun idini babak yasa makebonan. Gaweya dedukuh kawitana ing dina Ahad wulan Sura tahun babad amarengi 1302. Somadullah mituhu dawuhing guru. Tan lami sigra pamit mangidul lampahe pasisir sinareng kang garwa lan kang rayi.

*****

# GEGURITAN FARIS AL FAISAL

## Adam lan Hawa Boten Dados Dahar Woh Khuldi

Teng kebon stoberi Adam lan Hawa ngundui wohe
Wujude lope ingkang ketingal abrit kadosdene mawar

Iblis kesel

Daluh bulan purnama teng hotel ingkang wonten kolame
Adam lan Hawa linggih kekalian nginung jus stroberi

Iblis dugal

Adam lan Hawa boten dados dahar woh Khuldi
Iblis kadung penasarann didahar wohe piyambekan

Ganti iblis ingkang diusir

Adam lan hawa gemujeng

Indramayu, 2018

## Musa lan Khidir Kepanggih Malih

Crios teng dunya fiksi.

Sonten sumringah mrekah mawar jingga. Musa
lan Khidir kepanggih malih. Teng cafe lan resto
ingkang wonten muni musik live. Suwanten
biduan nembangaken kiser pesisiran.

“Tuan Khidir, pesen napa? Kula sampun pesen
Kopi.”

“Kula gah kopi, nanging nyuwun disukani
Susu.”

“Inggih, mangga dientosi,” cape pelayan
Ingkang ketingal gembleng mayeng.

Mboten lami, kali cangkir kopi sampun wonten
Kepajang teng meja. Obrolan-obrolan selow
Lan santai ndamelaken kepindoane betah.

Mboten wonten baita ingkang dibocori. Mboten
Wonten kepejahan bocah alit. Mboten wonten
Pedamelan damel griya. Khidir lan Musa
Sejatine batur ingkang setia.

Kelopak sonten rontok digantosaken mawar
Daluh. Kopi-kopi tandes ninggali ampas. Musa
Lan Khidir sami-sami mawas. Mboten ngrasa
Paling pinter piyambekan.

Indramayu, 2018

## Dikir Nabi Daud lan Ibadah Paksi

1.
Enjing ketingal jembar wiyar. Srengenge mencorong
Dipun antawis kubah lan menara masjid. Paksi-paksi
Gereja sesunggingan. Siul-siule nyuwantenaken
Dedikiran.

2.
Mazmur-mazmur Daud
Dimaosaken kadosdene puisi
Pengakenan iman

3.
Ricik toya saking pancuran inggihpunika sepi. Tetenger
Waktos dhuha rikala paksi medal saking sayange. Manungsa
Ngilari rezeki saking lor, kidul, wetan, lan kulon. Ibadahe
Paksi.

Indramayu, 2018

## Sembahyang Kedebog Gedang

/Allahuakbar/
Angin nyukani kabar kepejahan saking toa
Mushola. Gagak cemeng minggah teng wuwungan
Sesampune kekaokan enjing wau.

/Alfatihah/
Langit ketingal sumerep rerep kadosdene ical
Srengenge. Grimis tangis brebes mili damel lepen
Teng mripat. Boten saged dialangi.

/Salawat Nabi/
Teng andap kubah
Tiyang-tiyang jumeneng
Sembahyang kedebog gedang
/doa/
Dedonga lan nyukani pangapura
Sinten mawon boten palah-pilih
Manungsa kantenan gadahi dosa

/salam/

Indramayu, 2018

**Faris Al Faisal l**air teng Indramayu tanggal 18 Juli 1981. Saniki manggen teng Desa Parean Girang Kecamatan Kandanghaur Kabupaten Indramayu Propinsi Jawa Barat. Sedinten-dintenr mulang teng SDN 1 Bulak Kandanghaur lan Madrasah DTA Islamiyah Nurul Huda Ilir.



Nyerat fiksi dan non fiksi. Karya fiksine: Novella *Bunga Narsis* Mazaya Publishing House (2017), Antologi Puisi *Bunga Kata* Karyapedia Publisher (2017), Kumpulan Cerpen *Bunga Rampai Senja di Taman Tjimanoek* Karyapedia Publisher (2017), Novelet *Bingkai Perjalanan* LovRinz Publishing (2018), dan Antologi Puisi *Dari Lubuk Cimanuk Ke Muara Kerinduan Ke Laut Impian* Rumah Pustaka (2018). Karya non fiksine: *Mengenal Rancang Bangun Rumah Adat di Indonesia* Penerbit Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan (2017).

# Puisi-Puisi WAHYU IRYANA

## Pusaka Wanodya

Ngrungu wadon dermayu dadi kegugu
Lagi nogkrongi warung pekat kramat tunggak,
saritem sampe Arab saudi
Kadang balik meng jagat ampah alesane pada
masuk Angin
Padahal kena gaman cis peneteg jagate wong
Arab
Bandung Bandawasa weteng blendung ora krosa
Dadi lumrah wong darma wewayangan
Senajan iku dudu cita cita Nyi Endang Dharma
Perkarae pekerjaan umah ingkang kudu diberesi
ning sepepada

Irip iku, kudu urup
Dadi pepadang menusa ning alam dunya.
Yen Garwa sigarane nyawa,
YenWanodya kang sejati manut ning laki.
Kudu akur ning alam dunya
Bekal bareng munggah suwarga.

## Syafaat

Cahaya urip
Cahaya waras
Cahaya welas
Cahaya mulya
Cahaya sampurna

Sarengat mulya karo sing gawé urip,
yen awak ira wis bisa ngibadah
ning sanjerone jagat padang jimbrang kaya mengkenén
durung tampu mengko besuk gawe pepadang ning jero
kubur
langka awak sing pasti kepenak
kejaba iku wong kang tumindak jujur; bisa nyumbadani
badan lan sedulur
Sedawané urip lelakon ngibadah lan gawe lelaku
Yén bengi cahyané wulan katon padhang
nyorot gegodongan lan klaras
yén awan srengéngé ngupai terangé jagat
dadi padhang jimbrang ora kejagan
karo dedonga kaya dené printah kanjeng rosul
zikir dhawa uga tiwikrama
megeng awit esuk tumeka surup srengéngé
Sedakep sinuku tunggal ora lukar
Yen durung bentas isine tasbeh
kesorotan ayang-ayangé dhamar gedhé kang padang
aja watir lan aja melang
besuka balik munggah suwarga.



## Sabdaguru

Pengen pada karo sepepada
Bisa maca lan ngitung wilangan
Bisa ngaji kitab kurhan

Ngeguru ning saban guru
Belajar ning saban peguron
Nyantri ning unggal kiai
Ngaji ning unggal pesantren

Pertelae yen awak ira wis bisa ngibadah
lan nuntut ilmu kang sejati
wis bisa sangu urip
sebab urip kudu bisa urup
gawe pepadang sepepada
sangu urip dudu emas dudu pari
elmu lan amalan kan bisa digawa mati

Iki wanci jam loro awan
Kalawaktu turu isun digugah ponakan
Deweke bungah merwatasuta: Isun kepanjing
Penmaru!
Ngeklik Internet pasword lan arane
“Cak Endi Ndeleng?”
Ponakan Isun Nggregeli
Drijine Nduding Arane
“Ikih Iho.....”
Ponakan Isun mbengak njingkrak njingkrak
(Asik Sida dadi Mahasiswa!)
Yayu Nok kakangku rangda Araban iku melu bingung
Pamer tangga kiwe tengen
“Mbayar pira Cung?”
“Telung Juta Pitungatus Ewu!”
Yayu Nok Ndolopong
Nyawang isen isen lawang ora ketip.

Singgasana Peraduan, Wulan Puasa Tanggal Limalasan.
Jatibarang, 03 Juni 2018

# NGAJARAKEN MATERI AKSARA JAWA NGANGGO MODEL PEMBELAJARAN *SCRAMBLE*

dèning SULASNURPENI
Guru SMP Negeri 5 Kota Cirebon

Kompetensi pendidik (guru) ning proses belajar mengajar nyekel peranan penting kanggo nyiptaaken belajar kang duwe makna. Guru kudu bener-bener nguasai model, metode kang pas kanggo proses belajar mengajar.nggunaaken model, metode kang pas, sejene kanggo nyiptaaken belajar kang duwe manfaat uga olih nyiptaaken suasana belajar kang nyenengaken. Jadi, model-model ning pendidikan kudu sering di lakokaken.

Model pembelajaran ngurupaaken salah siji komponen kang penting kanggo pembelajaran. Karo model pembelajaran, guru bisa ngrewangi murid kanggo olih ide, salah siji masalah kanggo pembelajaran yaiku kurange pemahaman murid ning salah siji materi, dadi tujuan lan hasi pembelajaran kang diarepaken masih kurang maksimal. Model pembelajaran kang nyenengaken, bisa ningkataken pemahaman murid ning salah siji materi. Dadi, model pembelajaran kang dianggo guru kudu nyenengaken, murid bli cuma jagong meneng, ngrunguaken penjelasan saking guru, tapi guru kudu ngupai peran kanggi murid. Dadie nyiptaaken suasan keas kang kondusif lan aktif.

Model pembelajaran *sramble* (acak tembung) cocog pisan kanggo materi bacaan huruf Jawa. Ning model pemblejaran *scramble*, murid dilatih kanggo ngrangkai tembung dadi ukara ning wujud aksara. Ngulang-ngulang latihan bisa mantepaken pemahaman murid kanggo bahan materi.

Kang diarepaken sing belajar yaiku hasil belajar. Dadi kanggo hasil belajar murid kang maksimal, kudu diperhatiaken faktor-faktor kang dadi pengaruh proses belajar, salah sijie yaiku nggunaaken metode (cara) utawa model pembelajaran kang pas karo proses KBM ning kelas.

Pembelajaran bisa efektif lamun diaksanaaken nganggo model-model pembelajaran kang manjing kelompok pemrosesan informasi. Masalah iki disebabaken model-model pemrosesan informasi nekenaken ning kepriben wong bisa mikir lan kepriben pengaruhe kanggo cara-cara ngolah informasi kang bisa gawe tujuan belajar kesampean.

Sebenere guru wis ngusahaaken kanggo nyiptaaken pembelajaran supaya murid lewih aktif, diantarae pengamatan objek langsung, diskusi kelompok ngerjaaken tugas, nggunaaken media kang ana ning sekolah, nggunaaken metode (cara) tanya jawab. Tapi hasile durung bisa ningkataken gairah lan aktivitas kang maksimal. Lamun kondisi kang kaya kenen bli bisa digulati cara mecahaken masalahe, bisa-bisa guru tetep minangka sumber informasi siji-sijie ning kelas, langka tukeran informasi, langka hal kang bisa nggugah semangat bocah. Dadie pembelajaran basa Cerbon mbosenaken.

Mata pelajaran basa Cerbon ning akeh murid masih dianggep minangka pelajaran kang mbosenaken lan angel. Apa maning ning materi carakan utawa aksara Jawa. Kang miturut keakehan murid ngrupaaken materi kang tembe ditemoni. Bli senenge murid dibuktiaken jelas karo hsil tes basa Cerbon materi carakan utawa aksara Jawa kang sering pisan dadi hasil tes paling cilik ning sekabeh materi basa Cerbon.

Dadie kanggo ningkataken hasil belajar basa Cerbon ning murid, perlu manfaataken utawa nggunaaken saah siji metode utawa model pembelajaran yaiku model pembelajaran *scramble* supaya prestasi belajar basa Cerbon materi carakan utawa aksara Jawa ning murid SMP ana peningkatan. Sejene iku, model pembelajaran *scramble* uga bisa gawe nyenengaken belajare murid.

Miturut Trinto ning buku kang judule *"Mendesain Model Pembelajaran Inovatif Progresi",* model pembelajaran ngrupaaken wujud pembelajaran kang digambaraken sing awal sampe akhir kang disuguhaken karo cara kang khas dening guru.

Miturut Aris Shoimin ning buku kang judule *"Model Pembelajaran Inovatif dalam Kurikulum 2013"*, *Scramble* asale sing basa Inggris kang diterjemahaken ning basa Indonesia kang duwe arti perebutan, pertarungan, perjuangan. Model pembelajaran *scramble* yaiku salah siji model pembelajaran cooperative tipe *scramble*.

Miturut Kokom Komalasari ning buku kang judule *"Pembelajaran Kontekstual Konsep dan Aplikasi", Scramble* yaiku model pembelajaran kang ngajak murid kanggo nggulati jawaban sing konsep kreatif karo cara nyusun huruf-huruf kang disusun acak, dadie ngebentuk salah siji jawaban utawa pasangan konsep.

Dadi, model pembelajaran *scramble* yaiku model pembelajaran kang nyediaaken kartu soal kang diacak kang bisa nggampangaken murid ning nggulati jawaban lan ngedorong murid kanggo mecahaken masalah karo cepet.

Langkah-langkah kang dilaksanaaken nganggo model pembelajaran scramble yaiku :

1. Guru nerangaken materi kang arep diajaraken.
2. Guru mbagiaken acak kertas kang ana tulisan aksara Jawa karo, unggal murid olih siji tembung (kata) kang

beda antara siji murid karo sejene.

3. Murid nggulati artie tembung kang ana ning kertas, waktue dibatasi.
4. Guru mbuka slide (layar proyektor) nganggo komputer kanggo nampilaken ukara-ukara utawa nulisaken ukara ning papan tulis.
5. Murid kang kebeneran olih tembung ning salah siji ukara kang ditampilaken utawa ditulis guru, langsung maju.
6. Murid ngadeg ning arep, jejer urutan tembung kang ana ning ukara.
7. Lamun ukara kang ana kabeh wis ditampilaken utawa ditulis wis entok, sendane masih ana murid kang nyekel tembung (kata), murid dihukum kang ngedidik, contoh : kongkon nembang, ngaji, lan sanese.

Ning awal pembelajaran, murid kedeleng serius lan tegang. Sewise dipai motovasi lan bimbingan, suasana mulai robah lewih kondusif. Interaksi belajar lewih berkembang, bli Cuma rong arah antara guru karo murid dan sewalike. Tapi uga interaksi murid karos murid mulai ana.

Guru ngupai pembelajaran lan pengajaran karo cara kontekstual lan terarah. Dadie pembelajaran bisa mlaku teratur. Dadie bli gawe keder murid pas lagi nerima materi pelajaran. Sejene iku, masalah kien uga bisa ngerangsang murid kanggo kepancing keaktifan lan kreatifitase.



**Tembung (kata) nganggo aksara Jawa**



**Murid maju, ngadeg miturut urutan tembung**

# GUYON SELAKON

déning SUPALI KASIM

Bi Surti : Mang, kaos sing werna abang kuh regané pira?
Pedagang : Oh...niki tah, Bu? Niki, kanggé Ibu mah, mangga éwu mawon.
Bi Surti : Mbuh gah Mang! Sampé selangkung éwu, selangkung éwu parat! Mader gah kaos cilik baé! Olih beli dianyang?!
Pedagang : Ibuné nganyangé pinten?
Bi Surti : Aja selangkung-selangkung maning! Séket éwu baé!
Pedagang : Oh...ya mpun, mangga Bu.

***

Bu Camat: Bu Surti, jaré wingi wis duwé putu?
Bi Surti : Nggih Bu Camat. Putu pertama, Bu.
Ibu Camat: Lhaaa, seneng ya? Putu pertama. Putuné lanang tah wadon?
Bi Surti : Anu, Bu..... putuné kula ..... putuné kula ..... abrit, Bu.
Guru : Hah??? Abrit?

***

Salim : Darus, badékan, yu!
Darus : Ayu. Priwén badekané?
Salim : Mengkénén! Ning tengah alas, ana sawiji pulo sing dikubengi kali gedé. Ning kono ana keték déwékan. Tapi akéh panganan. Ana jambu, ana pelem, ana gedang. Ning sawiji dina keték péngén metu sing pulo iku. Tapi kudu nyebrang kali. Sing dadi masalah, kaliné jero lan akéh buayané. Kepribén carané supaya keték bisa metu sing pulo iku?
Darus : Mlempat!
Salim : Salah!
Darus : Ngelangi!
Salim : Akéh buayané! Salah!
Darus : Apa ya? (mikir suwé) Apa ya? Mbuh ah! Wis, seng baé!
Salim : Péngén weruh jawabané?
Darus : Ya iya!
Salim : Kader sedulur dudu, batur dudu, tangga dudu, beli usah dipikiri. Kacuali sira baturé katék! Salim mlayu nyrintal! Darus mlongo baé.

***

# TETEMBANGAN LAN SASTRA KLASIK CERBON

déning IMAM ENJE

Sastra klasik Cerbon niku pinten – pinten, wonten katah maceme. Nanging sastra klasik wau linuwih katah sastra lisan utawi sastra pengocap tinimbang sanese. Saking kawitane sumebare sastra teng Cerbon niku sastra lisan.

Kados dene kocape Mama Untung Rahardjo (2006) sastra carbon niku den milai saking zaman hindu yaniku saking waktos (a) Cerbon Kuna ( zaman hindu atawis akhir abad ke 16 ) karya sastra ingkang sumebar niku kadoses kakawen, kidung, gugon tuwon lan jawokan. Basa utawi tembung – tembung kang den engge niku Basa Sansekerta. (b) waktos Cirebon tengaan ( kawitan abad kaping 17 dumugi akhir taun 1800 ) teng riki milai katah den lebeti sekubenge wewengkon, leres teng tembung utawi dialek. Karya sastra ingkang sumebar niku kadose macapat, parlambang/pralapita, sandisastra sasmita lan panyandra. (c) waktos Cirebon anyar ( saking taun 1800 dumugi akhir 1900 ) karyane den lebeti basa jawa wetan keranten katahe guru – guru ginau pendidikan pormal saking jawa tengah lan jawa wetan. Karya sastranipun wangsalan, parikan, paribasa, sanepa, ukara sesumbar, basa presnesan lan basa rinengga / rineka. (d) Waktos Cerbon Modern ( den perkiraken kawit taun 1950 dumugi saniki ). Teng waktos niki wonten tembung anyar ingkang basa padinan. Karya sastra kang wonten niku geguritan. Wonten geguritan kang gadahi patokan kadose macapat, wonten ugah geguritan ingkang boten woten patokan kadose puisi bebas.

Miturut Askadi Sastra Suganda uatwi kang keceluk Mamae Titin, budayawan Cerbon ingkang sampun sepuh. Negesaken yen sastra carbon niku ya sastra kan deng waca ngangge tetembangan. Pinten – pintene sastra klasik Cerbon niku den waca ngangge tembang kadose macapat, kiser lan sanese. Den milai sastra Cerbon kuno niku wandane tetembangan dumugi sastra Cerbon anyar niku wandane ugah tetembangan kaose ingkang den lakoni Jhon Jayana, Hj Dariya, Abdul Ajib, Sunarto Marta Atmaja lan pinten – pintene dalang tarling lan wayang kang nembangakenn sastra lisan Cerbon.

Sanese Mamae Titin, Budayawan Made Casta ugah sami yen niku wujude utawi wandane sastra modern kang rupine geguritan minangka den waca niku den tembangaken sami kalian sastra klasik Cerbon. Kranten sampun dados tetenger (identitas sastra carbon). “ saestune maos puisi cerbonan niku den tembangaken. Sanes den waca kadose puisi basa



Indonesia “ cape made casta. Nanging boten kangge parikan, parikan den waca ya biasa – biasa mawon.

Tembang – tembang klasik tarling ingkang den gagas dening H. Abdul Ajib ngrupiyaken karya sastra carbon ingkang den tembangaken ngangge nada diatonic. Seniman music ugah pendamel lagu – lagu cerbonan, Acing C Pribadi, negasaken yen pinten – pinten lagu cerbonan kang maksih ngangge sastra klasik carbon. Wontene parikan, wangsalan, purwaknthi, panyadra teng tembang cerbonan niku gadahi erti yen tembangan cerbonan senajan dianggap karya seni kaki lima atanapi mkasih hurmati sastra klasik teng bait – bait tembangan.

Sastra klasik kang wonten teng tembngan niku kados conto kembang cicilingkong kembu cilik wadae bangkong lagi cilik dibopong – bopong bareng gede digawa uwong. Utawi panyadra matane kaya damar kangingan, lambene kepundung abang. Ukara – ukara wau maksih den engge teng tembang cerbonan.

Lajeng, Acing ugah ngarepaken wontene penataran ginau damel lagu cerbonan ingkang sae lan boten ical saking sastra klasik cerbon. Ningali tembang cerbonan katah ingkang pasaran lan boten den pungkiri yen kualitas tembange ugah sami kalian pasaran. Dados pendamel tembang cerbon niku kedah den tatar supados linuwih sae malih.

Budayawan nom pegiat komunitas sketsa pribumi

**Sumber: Kamus Bahasa Cerbon-Indonesia terbitane Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Provinsi Jawa Barat**

**Adus** (Siram), *mandi.*

**-Adus-adusan** (Adus-adusan), *mandi sambil bermain/berenang.*

**Adzan** (Adzan), *adzan.*

**Adaspulasari**, *adapulasari nama dari jenis rempah bahan jamu tradisional* (arane jenis empon-empon, bahan kanggo gawe jamu tradisional) "Supaya mangane solot mipisa temu lawak, kunir, aja karari adaspulasari toli saringen terus dijamu".

**Adat,** *watak, kebiasaan tatacara dalam kehidupan seseorang, lingkungan* (watek/ tingkah laku ning uripe sawijining wong/ lingkungan) "Wong urip iku adate beli pada, ana sing alus, ana sing kasar priben adat kebiasaan lingkunganane".

**Adeg-ngadeg,** *berdiri* (kaanane beli lagi ndodok, beli turu) "Adegaken dingin aja di-dodokna utawa diturunaken".

**Adem,** *ukuran suhu 20 C,* tidak panas (beli panas) "Wedang adem. Jangane wis adem". "Hawae wis adem".

**Adi,** *adik* sedulur enom (sedulur enom tunggal saembok-bapak, kang laire I tenimbang kakange) "Hertin iku dine Rini, sawise Rini umur tekanglur taun, Hertin nembe lair".

**Adi,** baik/lebih bagus (bagus/linuwih) "Adi werna busanane". "Nuradi uripe bakal olih nasib bagus/kaluwihan".

**Adil,** *adil, dipertimbangkan dari segala segi/unsur* (beli kejem, secara jujur, kairing rasa welas asih, beli abot sairing)

**Adoh,** jauh, tidak dekat (beli parek) "Indramayu-Jakarta, Indramayu-Surabaya, masih adoh ning Surabaya". "Umahe adoh apa parek?"

**Adol, didol,** jual, dijual (disengaja, barang sing dimiliki iku didagang, ngarepaken ana sing tuku) "Adol gula lilit". "Adol sawah". "Didol pira ayame?" "Sawahe wis didol."

**Adol-adolan,** *dijual semua apa adanya* (kabeh barange sing dadi milike didol kabeh sampe entong gemek, kanggo kebutuhan urip saben dinane) "Saking lawase nganggur beli bisa usaha, sampe adol-adolan barang soane, saking butuhe kanggo mangan sadina-dinane".

**Adon-adon,** *bahan dari tepung yang diaduk dengan campuran lain kemudian diberi air terus diaduk, namanya adon-adone (*glepung utawa aci boled, dijur kentel sing dicampur karo bangbu apa bae terus diulene arane adon-adon) "Aja gemek dicikok dingin nyan durung sewat adon-adone, mengkane serabie beli megar, beli empuk, mateng ma mateng tapi dipangane bengka/kaku".

**Aduh,** *kata seru terkait dengan kesakitan.* Omongan ngrasakaken lara, "Aduh... pak sret kenang kegesrek!"

**Aduk,** *aduk, diaduk, mengaduk, adukan; ngocok sampai merata,* (dikoleh sampe awor) "antara wedi lan semen campuran, toli diaduk sampe awor".

**Adum-aduman,** *bercumbu-cumbuan, kasih-kasihan* (asih-asihan, demenan, pada naro rasa demen bareng-bareng) "Dioleti ngalor ngidul beli ketemu, teganane mah uwonge lagi pada adum-aduman".

**Adus,** *mandi* (bebersih awak kelawan mbajuraken banyu ning awake, nganti bresih langka kotoran, lan walagang) "Esuk kelawan sore kudu seneng adus, soke awake bresih, lan waras welagang".

**Aeng,** *model, kemasan, mode* (reka, direka, dimodel-model) "Saking pengen payune, dagangane diaeng-aeng".

**Aer** (Aer, Toya) *Air.*

**Agag,** *persiapan dalam gerak akan melaksanakan tangannya memukul* (obahing tangan diangkat menduwur, kaya arep nindakaken pukulan, mbacok karo golok)

**Agama** (Agama, Agami), *agama.*

**Agar** (Ngagar-agari), *agar menjadi takut.*

**Age,** *silakan* (los arep nindakakekn apa sakarepe) "Age nangisa maning cocoken baka beli tak ajar, bonggan temen".

**Ageh** (Enggal), *cepat.*

- **Ageh jukuten (Enggal pendheten),** *cepat ambillah*.

**Agel** (Agel), *serat kulit batang gebang.*

**Agel,** *daun dari pohon gebang/palem yang telah dikeringkan* (blarake gebang sing dipocok, dipepe sampe garing toli disawiri cilik-cilik kanggo digawe tambang dipuntu terus bisa digawe jaring payang kaya benang nilon gawean Jepang) "Lagi jaman bengen saderenge saderenge jaman nelon, wong gawe jaring payang iku sing digawe agel, sebab-wuled beli gampang pegat, yen digawe jaraing payang awet beli gampang rusak, rada kedot".

**Agem** (Agem), *Milik.*

- **Ngagem** (Ngagem), *memiliki*.

**Agem-agem** (Agem-agem), *berupa benda yang bertuah.*

**Agem,** *membawa* (basa kramatika artine nggawa, nggepeke, nduweni/nggadahi) "Baguse diagem mawon, lumayan kangge empengan". "Ngagem napa niku Pak...?"

**Agem-agem,** *punya pegangan benda gaib/aneh/jimat* (duwe barang sifate jimat, sing digepeki, sing dimiliki anane kepercayaan awake wong iku) "Aja sembarangan cah, baka wong kuwen duwe agem-agem kekedotan, keslametan"


**Agen,** *agen,* nyediaaken barang dagangan langsung sing pabrik

**Ageng,** *bahasa halus/kramatika* dari jata gede=besar (basa kramatika artine gede) "Putrane sampun sami ageng, boten wonten sing alit/cilik.

# PUDDING ROTI

déning : SULASNURPENI

Pudding iku salah siji panganan kang énak. Panganan iki manjingé ning jenis jaburan utawa gayeman. Tapi manjing jajanan abot utawa gawé wareg. Panganan iki akeh kang doyan, lantaran rasané manis, gurih, lan amoh. Ana pirang-pirang maceme panganan pudding iku. Diantaraé yaiku: pudding jagung, pudding coklat, pudding roti, lan séjéné. Ini BAB iki, pudding kang arep diwedaraken yaiku pudding roti.




Pudding roti bahan dasaré gampang digulati, yaiku ager-ager karo roti. Gawé panganan iki gampang carané. Lamun arep gawé pudding roti, gampang pisan. Kiyen bahan-bahané lan cara gawéné :

**Bahan-bahané yaiku :**

- Ager-ager swallow globe putih: sebungkus.
- Gula Jawa (abang) : ¼ kg
- Banyu : 600 ml.
- Santen : 300 ml.
- Uyah : secukupé.
- Gula pasir : secukupé
- Roti tawar : 8 lembar.

**Alat-alaté yaiku:**

1. Panci.
2. Gelas ukur.
3. Cetakan ager.
4. Saringan téh.
5. Céntong.



**Cara Gawé Pudding Roti :**

1. Gula abang digodog karo banyu, sampe lumér, saring.
2. Suwir roti tawar, direndem banyu gula. Lamun wis teles, ditata ning cétakan pudding.
3. Campur godogan gula abang, ager-ager, santen, uyah, lan gula pasir.
4. Diudek-udek sampé umeb.
5. Kucuraken ager-ager kang wis mateng ning cétakan ager kang wis dipai roti.
6. Tunggoni sampé atos.
7. Manjingaken kulkas, sampé adem.
8. Panganan pudding roti siap di sajiaken.

# PASAR MALAM

déning R.Y. ADAM PANJI PURNAMA

Kembang jae laos
*Kembang Cicilikong*
*Kembu cilik wadah bangkong*
*Kembang cicilikong*
*Kembu cilik wadah bangkong*
*Lagi cilik dibopong-bopong*
*Barang gede digawa uwong*

Tembang mau diputer kenang tukang martabak ning pinggir dalan, pas arep manjing ning alun-alun genah pasar malem. Santer pisan munie sampe-sampe kuping peng-pengan, tukang martabak bari gemuyu semangat ngadoni bahan lan manggang martabak manis.

"Ayo mampir-mampir, martabak isi kacang, coklat, keju…, murah meriah…," tukang martabak kang wis kemeringet kenang panase kompor lan semangat jogedan.



Lamsijan mung nylinguk bari nyengir deleng jogregane tukang martabak mau, uwong-uwong desek-desekan rebutan mlaku ning dalan kang diapit tukang dagang macem-macem. Yu Darmi, rabine Lamsijan, ngegandeng kenceng Dirya anak lanange. Watir kepisah merga akeh uwong kang pada mlaku-mlaku ning pasar malem. Gede cilik, tuwa enom, lanang wadon, rupane pada pengen hiburan. Tukang dagang panganan, klambi, sepatu, dolanan, lan macem-macem perkakas rumah tangga pada ngegelar dagangane.

"Kang Sijan…., kang…, waaahh ora di sangka ora dinyana bisa ketemu ning kene," Carmin batur bengen sing wis ngalih ning sejen desa nyapa Lamsijan. Wis suwe ora pernah ketemu, ya senget pada rumah tangga. Carmin olih jodoh wong desa sejen, wong tuwae Carmin wis pada ninggal dunya, dadi Carmin ngalah melu pindah meng desa sejen. Wong wadone Carmin kebeneran duwe heler (penggilingan pari) kang kudu diurus.

"Min…. Lha nambah lkemu bae ya, endi anak rabie?" Lamsijan seneng ketemu batur lawas. Carmin terus narik rabie karo anak cilike kang lagi jaluk dolanan. Uga Lamsijan ngongkon anake karo rabie pada salaman.

"Kelingan jaman bengen ya Min, mubeng-mubeng pasar malem bari luru hiburan lan kenalan," Lamsijan bari gemuyu kelingan jaman bengen.

"Cih kang Sijan kelingan bae ya, nah kien kelingan ora karo rabi reang kien, Marni… kang. Kan reang mah olih jodoh ning pasar malem kien," Carmin bari gemuyu nodokaken Marni. Marni mung gemuyu isin, bari pamit nukuaken dolanan anake. Lamsijan melu gemuyu, bareng yu Darmi.

"Ma, gage pengen numpak orsel ombak banyu," Dirya narik tangan Lamsijan. Akhire Lamsijan karo Carmin pisahan. Lamsijan sekeluarga nerusaken mlaku-mlaku, anake nggaclek bae jaluk numpak orsel ombak banyu.

"Nang, numpak sejene bae ya? Orsel mah bokat puyeng, kuh deleng mubeng-mubeng, munggah mudun semono santere. Numpak dolanan sejene bae ya, kah ana jaran-jaranan, robot-robotan," Lamsijan nodokaken dolanan sejene.

"Emong, pengen numpak orsel ombak banyu bae," Dirya tetep pengen.

"Orsel mah nganggo wong gede, Nang," Lamsijan ngebujuk supaya Dirya gelem ganti dolanan.

"Nanang wis gede, ika ana sing bocah cilik numpak," Dirya tetep jaluk numpak lan nodokaken ana bocah lewih cilik kang numpak.

"Mimi ning kene bae, ngenteni, los mana Mama karo nang Dirya bae sing numpak," yu Darmi bari ngenakaken duwit nganggo tuku karcis numpak orsel. Terus dodok nonggoni ning tukang docang. Kepaksa Lamsijan ora bisa nolak, niate gah kana rep nyenengaken anak rabi. Lamsijan ngegandeng tangan Dirya, tuku karcis

lan nonggoni giliran numpak, jantunge degdegan ora karuan. Apamaning ditambah jerit-jerite uwong kang numpak, gawe nambah maras atie. Tapi Lamsijan emong katon ning anake baka deweke maras, pas anake deleng Lamsijan, deweke gemuyu ngambang enda-enda wanih.

Jantunge nambah kenceng, sikil rasane lemes, untunge ora pati katon raine wis peas kaya kapas. Pas uwong-uwong pada mudun wis pragat, ana kang gemuyu ngatak-ngatak, ana kang pucet, ana kang masih gecekan bature bari nyekeli weteng. Lamsijan delengi rai sing mau pada numpak. Atie nambah ciut, pas deleng ana wong kang peas, matae katon puyeng, mlakue sempoyongan. Duh, moga-moga aja mengkonon, jero ngati Lamsijan ngucap.

Bengen jamane masih bujang, Lamsijan sok numpak bari batur-bature. Uji nyali lan ambir katon gagah ning wong wadon. Tapi iku kan bengen, pirang-pirang taun kepungkur. Rasa wedi nambah gede, tapi wedi isin sing lewih gede.

"Ayo Ma, gage numpak," Dirya seneng pisan olih giliran numpak, bari ngegered tangan bapane. Lamsijan wis embuh rasane, melu bae digered anake, Dirya dibopong kenang tukang orsel, dipai sabuk pengaman. Lamsijan dodok ning parek Dirya, sabuk pengaman dipasangaken ning tukang orsel. Komat-kamit maca doa, bari matae wis clingak clinguk ora karuan. Dirya nambah seneng, dodok kaya siap dolanan anyar.

"Bapa-bapa, ibu-ibu, siap-siap.....,periksa maning sabuk pengamane bokat kendor, aja klalen dedongana, cekelan kang kenceng, awasi anak-anake" tukang orsel wis ngupai tanda siap-siap arep diubengaken. Lamsijan tambah komat-kamit, matae merem, tangane cekelan kenceng ning wesi tempat dodok.

"Siji....., loro....., telu.....," orsel di dorong mubeng. Masih alon-alon, Lamsijan melek, matae deleng anake, deleng sebelahe, deleng sekeliling. Orsel nambah santer, ibu-ibu sebelahe jerit-jerit, Dirya gemuyu bari jejeritan. Lamsijan masih komat-kamit, raine nambah pucet. Deweke nahan isin watir jerit-jerit. Puteran nambah kenceng, munggah mudun kaya ombak banyu, atine ora tahan tapi arep jerit isin ning anake. Lamsijan ngelirik deleng anake kang nambah gemuyu seneng.

" A a a a a a a a a a a a , aaaammmpuuuuuuuunnn……. Aaaammmpuuuuuunnn……," suwe-suwe ora tahan Lamsijan jerit-jerit. Rasane ubengane suwe pisan, ora mari-mari. Wis ora peduli isin, Lamsijan tambah berek-berek, keringet gede cilik metu kabeh. Tangane nambah kenceng cekelan, jrijine nambah kenceng ngremed. Ora weruh kang diremed tangane uwong kang pada-pada numpak. Kang diremed jerit-jerit ngerasa lara, tapi arep ngomongi Lamsijan ya angel, kenang orsel masih mubeng santer.

"Uwiiiiiiisssss, mandeeeeeeeggggg, mandeeeeeeggggg.....," ibu-ibu sebelahe Lamsijan kang diremed tangane jaluk mandeg. Kenang ngerasa lara, lan ngerasa wis ora kuat. Untunge pancen ubengane nambah elon kenang waktue entok. Sampe suwe-suwe mandeg. Lamsijan masih meneng, raine nambah pucet, kemeringet, tenggorokan rasane garing, lan weteng muel ora karu-karuan. Ora sadar, sabuk pengaman dicopot, anake seneng pisan. Baka olih mah kayae jaluk numpak maning.

"Ma, ayuh uwis. Mimi nonggoni. Ko baka mene maning numpak maning ya Ma," Dirya ngegandeng bapane. Ana rasa lega, tapi arep mlaku rasane dunya mubeng, weteng nambah muel. Pengen gage-gage dodok lan nginum. Yu Darmi, deleng sing kadoan ana rasa kegugu tapi ana rasa melas deleng lakie digandeng anake sempoyongan. Gage-gage ditukuaken es teh manis, tersu gage nyambut anak lakie. Lamsijan langsung nginum es teh mau, sesedotan langsung entok. Durung bisa ngomong, durung bisa mikir, kaya masih ngawang-ngawang mubeng.

"Wis yu Nang, Ma, balik. Jagate wis bengi, ko bari balik tuku martabak nganggo mangan ning umah," yu Darmi paham lakie ngerasa ora enak weteng. Bari mlaku, Dirya tuku klambi gambar Spiderman lan tuku tas sekolah ya gambar Spiderman uga. Lamsijan masih kamiteng-gengen, rasane deweke nahan weteng kang ora enak. Demi nyenengakenanak lan rabi, dengkul wis lemes gah tetep nuruti kepengenane anak sematawayang.

Nambah bengi nambah rame kang teka ning pasar malem, Dirya lan yu Darmi katon bungah atine. Bari tuku martabak nganggo ning umah, kuping-kuping tetep dipaksa ngerongokaken lagu tarling dangdut. Lagu kang wis akrab ning ati masyarakat, sing gawe pasar malem nambah rame.

*Lempuyang kembange kuning*
*Kembang jae laos*
*Lempuyang kembange kuning*
*Arep balik gagian elos*
*Sukiki menea maning*



# AGENDA KEGIATAN

## Balai Bahasa Jawa Barat 2018



### FEBRUARI 02

- PENELITIAN BAHASA DAN SASTRA



### MARET 03

- PENELITIAN BAHASA DAN SASTRA
- PENYULUHAN BAHASA DAN SASTRA BAGI TENAGA PENDIDIK
- PENYULUHAN BAHASA INDONESIA BAGI BADAN PUBLIK DAERAH
- DISKUSI KELOMPOK TERPUMPUN BERSAMA MEDIA MASSA

### APRIL 04

- SAYEMBARA PENULISAN BAHAN BACAAN ANAK
- PENELITIAN BAHASA DAN SASTRA
- SOSIALISASI PEMARTABATAN BAHASA NEGARA
- PENYULUHAN BAHASA DAN SASTRA BAGI TENAGA PENDIDIK
- PENYULUHAN BAHASA INDONESIA BAGI BADAN PUBLIK DAERAH
- DISKUSI KELOMPOK TERPUMPUN BERSAMA MEDIA MASSA

### MEI 05

- PENELITIAN BAHASA DAN SASTRA





### JUNI 06

- PENELITIAN BAHASA DAN SASTRA
- PEMANTAUAN RUANG PUBLIK DI SEMBILAN KAB/KOTA
- LOMBA PEMARTABATAN BAHASA NEGARA



### JULI 07

- PEMILIHAN DUTA BAHASA 2018
- PEMILIHAN DUTA BAHASA PELAJAR 2018
- PENELITIAN BAHASA DAN SASTRA
- SEMINAR TIGA KEMENTRIAN
- PEMANTAUAN RUANG PUBLIK DI SEMBILAN KAB/KOTA
- LOMBA PEMARTABATAN BAHASA NEGARA

### AGUSTUS 08

- PENELITIAN BAHASA DAN SASTRA
- FESTIVAL MUSIKALISASI PUISI
- KEGIATAN LITERASI DI DAERAH TERTINGGAL, TERLUAR, DAN TERDEPAN
- PEMANTAUAN RUANG PUBLIK DI SEMBILAN KAB/KOTA
- LOMBA PEMARTABATAN BAHASA NEGARA
- PENYUSUNAN KAMUS TIGA BAHASA
- PENYUSUNAN SENARAI PADANAN ISTILAH ASING

### SEPTEMBER 09

- LOKAKARYA BIPA



### OKTOBER 10

- GERAKAN LITERASI NASIONAL
- JAMBORE SASTRA



Jalan Sumbawa Nomor 11, Bandung, 40113
Telepon (022) 4205468, Faksimile (022) 4218743

Laman www.balaibahasajabar.web.id
Pos-el info@balaibahasajabar.web.id

